

SIMBA ROKUSHANDURA



[Hama Branham neungano vanoimba mahon'era *Tenda Chete*—Mupepeti.]

² Zvinoita sokuti omerei munhu wose kuti ataure zviri maari mu—munguva yakadai, kutaure kuti ndinoyemura zvikuru sei mukana wokuva pano mangwanani ano, uye—uye pakati penyu, kushumira Shoko raMwari, iro randine chokwadi chokuti munoriziva. Uye—uye ndinoda kutenda Hama Leo neHama Gene, nemi mose vanhu, nokuda kwemukana uno mukuru.

³ Zvino pandanga ndiri kunzwa chimbo che—chekutanga, kusvika chokupedzisira, pane chimwe chinhu chiri mukuimba kwakadai, manamatiro asisawanike zvino. Uye mukana mukuru kwandiri nguva dzose kana ndauya pano, kuda kamwe pagore, kana kaviri, kusvika pokuti unongozvizadza nohunaku hwedzimbo idzodzi.

⁴ Uye ndanga ndiri kufunga mangwanani ano, paya Hama Leo pavazivisa pamusoro perwiyo rwokuti *Vanouya Kubva Kumabvazuva NeKumadokero*, uye nepamusoro pemudzimai wangu achirwuimba pandakasiya ku...pandakamusiya na—naBilly naRebekah, kutanga rumutsiro rukuru urwu, kuve mutangi warwo, waro, rwuchitsvaira nemunyika dzose. Zvino ndanga ndiri kufunga, pandatarisa paboka iri ramadzimai akanaka, vanoratidzika zvakachena. Ndinorangarira Meda ipapo kuti akanga ari mumwe wavo, akanga ari musikana muduku ane musoro une vhudzi dema. Iye zvino angofanana neni, tave kuchembera pamwe nokuchena misoro, uye nguva yedu yave kupera. Uye zvisinei tiine Tariro iyi huru, yokuti tichaunganidzwa pamwe chete zvakare maAri, apo pakunenge kusisina nguva, kuchembera, pasisina chingatidzivise kana kutinetsa.

⁵ Handitendi kuti ndinoziva imwe nzvimbo yandakamboona muhupenyu hwangu, kunyanya ine vanhu vakawanda zvakadai, uko kune Makristu akawanda akanaka ane rudo rwakadai. Musamborega zvakadaro zvichifa pakati penyu. Chingorangarirai.

⁶ Ndaisimbova nechidiki...chitaurwa pakati pevanhu. Zita remudzimai wangu rainzi Hope; mudzimai wangu wekutanga, amai vaBilly. Vaisiti...Taive tiri vatatu ipapo, paiva naHope, neni, naBilly. Vaisitidana kuti, “Tariro, kutenda, nerudo.” Uye zvaiita sokunge ndaive nokutenda kwakasimba, sezvazvaive, mumazuva iwayo, kutenda kuti Shoko iri ndere chokwadi; uye, izvo Mwari akanga avimbisa, Aizozviita.

⁷ Zvino, asi, munoona, “Chikurusa cheizvi kuda, runova rudo.” Sekutaure kwaita Hama Leo mangwanani ano. “Rudo!

Kana paine ndimi, dzichapera. Kana paine zviporofita, zvichakundika. Asi kana kuda, runova rudo, rwuchagara nokusingaperi.” Maona?

Gwayana rinodikanwa riri kufa, Shoko reNyu
rinokosha

Harizorasikirwa neSimba raRo,
Kusvika Chechi yose yaMwari yakadzikinurwa
Yaponeswa kusazotadzazve.

Kubvira nokutenda pandakaona hova
Maronda eNyu anoerera ropa achipa,
Rudo runodzikinura rwave dingindira rangu,
Uye zvichavazvo kusvika ndafa.

⁸ Ndinofunga kuti hakuna chinhu chikuru kudarika rudo. Zvino rudo, kana tikasagona kurwuratidza. . . Zvino, tinogona kuti tine rudo, tiri kungozvitaure. Asi tikanyatsokwanisa kuratidza izvo zvatataura kuti tinazvo, ipapo tinozviratidza matiri.

⁹ Zvino hatisi vanhu vakakwana. Tinoita mhosho dzedu. Tinoita zvinhu zvisiri izvo. Asi, munoono, rudo runofukidzira zvose izvozvo. Takagadzirira, kana taona mhosho dzedu, kudzoka tokumbira ruregerero mumwe kune mumwe. Hongu, ndivo—ndivo varwi. Ndivo, ava ndivo chaivo varume nemadzimai mhare. Munhu wose anogona kuenda kunzvimbo yekurwira, uyo ane hushingi hwekufamba achiendako; asi akarohwa zvokudonhera pasi, zvino simuka ugoedza zvakare, munoono. Paimbova nechimbo icho mumwe murume wechidiki nemudzimai wechidiki vaisiimba muchechi, “Kana ndikawa kana ndikakundika,” munoono, “kana ndikawa kana ndi. . .” Ndakanganwa kuti chinofamba sei. “Regai ndisimuke ndiyedze zvakare.”

Ndiregerereiwo, Ishe, uye mundiyedze kamwe
zvakare. (Maona? Maona?)

Kana ndikawa kana ndikaita chivi, regai
ndisimuke ndiyedzezeve.

Ingondiregereraiwo, Ishe, uye mundiyedze
kamwe zvakare.

¹⁰ Uye nehuwandu hunosvika zana nemakumi maviri evanhu vakaungana pano, unotofanirwa ku—kuwana zvinhu dzimwe nguva, muvengi anouya pakati penyuru, uye nemupfungwa dzenyu, zvino—zvino wotanga *izvi*, *izvo*. Ingomirai kana azviita. Fungai zveshure, fungai nezvemangwanani ano, fungai nezvenguva pamunenge mugere pamwe chete munzvimbo dziri kuMatenga muna Kristu Jesu.

¹¹ Vamwe venyu mapuramba uye vamwe venyu makaripenda uye vamwe vari *izvi*, *izvo*, uye nezvozvo. Munokwizana maoko nenyika mazuva ose, pamunenge muri kunze uko. Asi kana muchiona zvinhu izvozvo, nemiyedzo mikuru

ichisimuka, ingorangarirai nzvimbo diki idzi, dzakayereswa pamugere pamwe chete, muine chinhu choga icho chinogara nokusingaperi. Mabasa enyu achakundika, nerimwe ramazuva. Hutano hwako huchakundika. Kunyange hupenyu hwako, pano pasi, huchakundika. Asika iZvo hazvikundike. Zvino kana iYe ari musimbotti wezvinhu zvose, zvino ngatirambei takaisa pfungwa dzedu paBango repakati, iro ratidhonzera kune izvi.

¹² Ini zvangu, iri iboka revanhu vakanaka, vanoratidzika zvachena! Handisi kunyanyorevera zvehanzu dzenyu. Hanzu dzenyu dzakachena, ndizvozvo, nezvimwewo, kumeso kwenyu. Ndinofunga kuti madzimai madiki ari pano, hapana kana kadzanga keripistiki pane mumwe wavo; vose vane vhudzi refu, vaduku nevakuru, vemazera epakati nevamwe vose. Hongu. Maona? Zvakanaka, hamunyatsozivi pfuma yamuinayo pano, munoono, muno mushumiro duku yemucheche.

¹³ Ndinodawo kutenda Hama neHanzvadzi Shantz, zvakare, nemukana uyu wokuva mumba mavo. Uye uno ndiwo wave musha wavo zvino, nokuti vakatengesa imba yavo, ndinofunga, muCanada, zvino ndokuuya zasi kuno kuzofamba pamwe chete nesu. Hatichisina hupfumi hwepano pasi. Tiri kutsvaga Guta rinouya, Uyo Muvaki neMugadziri waro ndiMwari.

¹⁴ Uye ndinotenda Hama Leo naGene, nokuda kwekutendeseka kwavanga vari, kuchiratidzo chavakapiwa pakatanga kusangana. Handipokani kuti ndizvo zvaagara achikutaurirai nguva zhinji. Zvinoshamisa, handina kumbozviona seizvi. Ndaiziva kuti pane chimwe chinhu chiri mberi. Apo muchinda muduku akauya kwandiri se... nechiroto chaakava nacho chepiramidhi, ndakamira mupiramidhi iyi. Zvino akakwira mudenga kusvika kwandaive, zvino ini ndakanga ndakamira musosa, ndiro, kana chimwe chinhu chinenge chiedza.

Akati, “Hama Branham, masvika sei kumusoro ikoko?”

¹⁵ Zvino ndikati, “Hama Leo, Mwari ndivo vanotofanira kuisa munhu panzvimbo iri kumusoro kuno.” Ndikati, “Zvino nokuda kwekuti waona, chidzokera kuvanhu unovaudza kuti unotenda kuti ndezvaMwari.”

¹⁶ Uye ndisina zvizhinji zvandaiziva pandaiva nenzvimbo. Ndi—ndinoda vakomana ava, uye ndaida kuvaisa panzvimbo pandaigona kunge ndiinavo. Zvino vakatanga kugadzira matepi. Asi, munoono, dai ndiri ini, vangadai vachiri kugadzira matepi, pakuziva kwangu. Asi chave chinhu chikuru zvakadini chavaitirwa naMwari, kudarika kugadzira matepi, munoono. Potse munhu wose anogona kugadzira tepi, ane hungwaru hwekukwanisa kubatidza tepi rekodha, kana kukwanisa kutengesa. Asi zvinotora kutungamirira kweMweya Mutsvene kutungamirira boka duku riri pamwe chete sezvizi, mangwanani ano, uye nokuvachengetedza

vari pamwe chete mukuwirirana nehumwe, uye vachiramba vakabatirira kuMharidzo.

¹⁷ Mwari, dai Muka—dai Mukapa, kuvanhu ava, hupenyu hwakareba pano pasi, rufaro nokufara, tevere “pindai mumufaro waShe” pamagumo enzira.

¹⁸ Isu zvino tagadzirira hondo, Hwamanda yave kuzorira. Nziyo dzaimbwa, zvino kwouya Shoko. Ndinofunga, sokumira kwandakaita pano, kuti munoziva . . . Hongu, pamwe munoziva.

¹⁹ Asi kunzwawo zvanga zvichitaurwa nemasoja echidiki aya pano! Uye ini pachangu ndave kuchembera, uye ndichiteerera kwese, uye kutenda kwenyu neruvimbo, nezvamakaisa kuti mutende Mharidzo iyo—iyo yandakapiwa naMwari. Zvino, dai manga musiri imi mose, Mharidzo yaizoshaya basa. Munoono, zvino—zvinofanira kuti pave nemunhu anoItenda. Zvino chero Iri kubva chete kuna Mwari, pachange paine munwe munhu achaItenda, muri kuona. Mwari vakagadzira nzira. Ivo, Vakagadzira hupfumi hwaVo saizvozvo, kuti, kana Vakatumira chimwe Chinhu, panenge paine chimwe chinhu ikoko kuti chisangane neChinhu ichi. Pakadzika panodavira pakudana kwepakadzika. Zvino—zvinofanira kuitika nenzira yakadaro.

²⁰ Ndafarira shoko rashandiswa neHama Gene mumunamoto mangwanani ano, “Muzvivanze zvaKe zvinechiremerera.” Ndinonzwa zvakadaro pandinoyambuka bhiri zasi uko, ku—kuuya uko Mwari anokudzwa nokuremekedzwa. Uye zvichengetedzei zvakadaro nguva dzose. Zvisinei kana muvengi . . .

²¹ Zvino rangarirai, musakanganwa izvi; Hama Leo naGene, kunyanya. Zvino, munofunga kuti Satani acharega izvi zvichienderera mberi saizvozvi, pasina zvidziviso? O, kwete. Ichokwadi haasi kuzorega. Achabhururukira muno, nerimwe ramazuva, sechamupupuri. Asi kana—kana muvengi auya sema fashama, Mweya waMwari unosimudza chiero kumupikisa. Rambai muchingozvisimudzira mudenga nemunamoto pamberi paMwari. Batirirai mumwe kune mumwe. Batai pana Mwari. Nokuti, kana muchidanana, zvinoratidza kuti munoda Mwari. “Neizvi vanhu vose vachaziva, kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo mumwe kune mumwe.”

²² Zvino ndafunga, nguva yapfuura, “Kunakai kwekuimba uku! Kunakai kwemazwi akatsetseka! Iboka rakanaka zvakadini revarume nemadzimai, varume vakarooro nemadzimai akawanikwa; vaduku, vatana, nevane mazera epakati nepakati, vagere pamwe chete pano.” Ndafunga, “Zvakanaka, vanofanira kuvewo nazvo zasi kuPrescott, vanofanira kunge vari zasi ikoko uye vagova nekanhepfenyuro keredhiyo kakadaro.” Zvadaro, munoono, zvinenge zvisiri chaizvo izvo Mwari zvaakadanira varume vechidiki ava kuti

vaite. Maona? Maona? Mwenga uri kudansirwa kunze, munoona, kudansirwa kunze, zvino basa rangu riri kunze kuno, kuzodana. Zvino zvinhu zvakadai, uye neapo pamunoungana pamwe chete, mozvibata, apo pamunoda kukudzira vana venyu, mumwe nomumwe achitarisa zuva nezuva, seziso rechapungu rakatarisa manyana, kuitira kuti musazo. . . Kana ukaona chinhu chakaipa, zvino unodana munhu wacho parutivi monamata pamusoro penyaya yacho, nezvinhu zvakadaro. Ichengegetei yakachena, iri tsvene, kuitira kuti Mweya Mutsvene ugowana nzvimbo yekushanya.

²³ Mwari anofarira kunamatwa. Zvino paunoMunamata, hakuzi kungoimba chimbo sezvatinoita, asi kuchiimba mumweya wekunamata, munoona, ipapo unonzwa Mweya Mutsvene uchidavirira maungira.

²⁴ Zvino ndiri kuona varume vechidiki vahombe pano, ingofungai nezvezuva iro apo boka iro remachinda madiki akagara apo, vakomana vechidiki nemadzimai avo madiki vagere nechekuno, uye varume vakuru, vakakwasharara vagere apo vachichema sevacheche.

²⁵ Sei, tarisai nhasi, vari kunze uko mumigwagwa, vachirarama muhupombwe netsvina yemunyika, nezvinhu.

²⁶ Kufunga kuti munokwanisa kuzvitsaura moungana sezvizvi, seapo nyanduri wemaPisarema akati, “Tarirai kutapira nekufadza kwazvo kuti hama dzigare pamwe chete muhumwe. Zvakafanana nemafuta ekuzodza aiva pandebvu dzaAroni, akayerera kusvika kumipendero wehanzu dzake.” Iwo, mafuta ekuzodza aya. . .Iwo, munoziva zvaitwa nemafuta ekuzodza aya, aimuchengetedza kuti apinde muHupo hwaMwari. Munoona, aitofanira kuzodzwa namafuta aya asati apinda muHupo hwaMwari. Zvino kana hama dzikagona kugara pamwe muhumwe, zvinofananidzwa namafuta aya. Tinopinda zvino muHupo hwaShe, nechizoro ichi chehama pamwe muhumwe. *Mafuta* anomiririra “Mweya Mutsvene.”

²⁷ Zvino tingavawo here nezwi remunamato tisati tapinda muchidzidzo cheShoko.

²⁸ Baba voKudenga, sekutaura kwaita hama yedu mangwanani ano, kupinda mumaruvazhe anechiremerera aShe! Zvino, Baba, tinocherechedza boka iri revanhu pano, uye zvino nezvandinotaura, ndichazvipindurira neZuva reKutongwa. Zvino ava vana veNyu. Varopafadzei, Baba, nguva dzose. Ropafadzai Hama Leo neHama Gene. Dai vakatungamirirwa neMweya weNyu Mutsvene, kutungamirira vanhu ava, patiri parwendo urwu rwakananga kumavirira zuva. Uye zvino, O Mweya Mutsvene waMwari, titungamirirei kuMwanakomana. Zviitei, Ishe.

²⁹ Timedurireiwo Chingwa cheUpenyu, kubudikidza nemuShoko. Zvino tiri. . .Iye zvino tinocherechedza kuti tiri

muhondo zvino. Tiri kuisa zvidimbu zvehanzu dzokurwa, kuno uku pamasoja aya, izvo zvavachazorwa nazvo, mumaawa asara ehupenyu. Uye ndinonamata, Ishe, kuti Muchanyatsoisa chidimbu choga-choga panzvimbo yacho, pavanokwanisa kudzivirirwa kubva kumu—muvengi pose paanenge auya kuzovarwisa. Zviitei, Ishe. Tanamata nemuZita Jesu Kristu. Amen.

³⁰ Zvino, ndinoti nonokei pa—pakutaura, nokuti ini—ini handisi mushumiri akadzidziswa. Ndinoziva kuti pane vanhu pano vakangwara, vakatesva pfungwa, vananyanjere, uye vaisa izvi zvose parutivi, kuuya kuno zvino nokuzvideredza, mukuzvininipisa. Pauro mukuru, muapostora, ndinofunga mashoko ake paakati, “Handina kuuya kwamuri nemashoko ehunyengeri evanhu, nokuti munozoisira kutenda kwenyu ipapo, asi ndakauya kwamuri musimba reMweya.” Munooona, zvinhu zvikuru zvaaziva kuti aiva nazvo, akazviisa parutivi. Uye ndinonzwa mangwanani ano, semurume ari pano, seHama Hughy nehanzvadzi, mudzidzisi pano anobata ari kuminda yekuvhangerwa, uye nevazhinji venyu imi vanhu vakangwara uye vakatesva pfungwa; uye—uye ndinonzwa kuita muduku zvikuru kumira pano ndisina dzidzo inodarika yandiinayo, pamberi penyu. Asi ini... Uyezve nokuona kuti imi vanhu, vakadai, vago—vagozvininipisa kuzvinhu izvi, kuisa parutivi, nekugara pasi vachiteerera kumunhu asingazivi maABC ake, ndizvo zvinoita vanhu vakuru mamuri. Hazvisi zveuyo anogona kusimudza mapendekeke ake, uye ofamba pamwe... Ndeuyo anogona kuzvininipisa.

³¹ Ndinofunga kuti, hunhu, hunoyerwa ne... murume, kwete nemamhasuru ari paruwoko rwake kana mhoni dziri mumawoko ake, asi nezvigamba zviri pamabvi omudhebhe wake paanga achinamata. Ndinofunga kuti ndizvo zvinoumba murume.

³² Zvino ndinoda kuverenga, mangwanani ano, zvimwe muBhaibheri. Uye ndinofarira Shoko. Hamurifarire? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino tanamata Mwari, uye ticharamba tichiMunamata. Zvino ngatimunamatei seMunondo uno—unocheka wakapinza, paUnenge uchifamba nematiri, kuti uone patimire.

³³ Uye ndi—ndinogara, nokuti ino imwe nzvimbo yandinonzwa kuti ndinogona—gona kudzidzisa zvinhu zvandiri kuda kutaura mangwanani ano. Uyezve, saizvozvi, Hama Leo naGene, nevamwe, vacha—vachazozvishandisa, kana taenda, uye vachazoburitsa misoro yenyaya yacho semanzwiwo andavaita vachitaura zvine nyasha mumharidzo yavo mangwanani ano. Kutu, vanozvibata. Asi haugoni kuzvitaure kubva papuratifomu sezvizvi kana pamatepi, asi, munooona, ingogara pasi mugozvinzvera. Rambai muchizvinzvera, muchidzokorora kakawanda. Zvakaoma kunzwisisa. Saka vanhu vakawanda havaZvinzwisisi! Uye manga muchiziva here, boka duku—

duku, ndizvo—ndizvo zvazvakaita pakati pevanhu vose? Zvagara zvakadaro.

³⁴ Kana vakatadza kunzwisisa Ishe neMuponesi wedu, Jesu Kristu, (kunyangwe vaapostori vaKe, munoono) ko zvino tingatarisira kuZvinzwisisa sei muzuva rino, munoono. Akati, Aizotaura zvinhu zvakananga, munoziva, uye Aisazozvitsanangura. Aizongozvitaure. Akati, somuenzaniso, “Kunze kwekunge wadya nyama yeMwanakomana wemunhu nekunwa Ropa raKe, hauna Hupenyu mauri.”

³⁵ Zvino dai, zvino dai paiva—dai paiva nachiremba ainge akamira pedyo, kana nesi kanawo mumwe, muungano iyoyo, zuva iroro, iyo yaAitaura nayo? Handiti, vaiti, “Murume uyu inyin’inya rinosveta ropa, munoono, anoda kuti tinwe Ropa raKe.” Munoono, haAna kumbozvitsanangura. Akangozvitaure. Asi pamberi apo, Pauro akauya ndokuzvitsanangura, kuti kwaive kutora chirairo, munoziva, “kudya Nyama yaKe nekunwa Ropa raKe.” Saka Akangozvitaure zvinhu izvozvo.

³⁶ Zvino pakupedzisira, kumagumo, vaapostori rimwe zuva, kunyangwe mushure merumuko, paiva nomumwe akanga akazembera pabendekeke raKe, Johane waAida. Aiva mujaya. Zvino Akati, “Zvinei newe kana murume uyu akamirira kusvika paNdichauya?” Pakafamba chitaurwa pakati pavo, kuti Johane akanga asiri kuzo—kuzofa kusvika Jesu adzoka. Jesu haana kudaro. Akango, zvaAkataura, “Zvinei newe kana akamirira?” Uyezve, saizvozvi, munoverenga mu—muShoko redu, kuti ipapo—ipapo Mwari akazo... Izvozvo zvine chinangwa chazvakataurirwa. Zvinhu zvose izvi zvine chinangwa. Mwari vakatora Johane muduku uyu ndokumusimudza mumweya, ndokuona Kuuya kwaKe, kusvika mu—muzera raizouya. Munoono, akati, “Zvinei newe kana akamirira?” Haana kumumisa, panyama; asi—asi Shoko raAkataura nemaari, ratisvitsa pazera ratave zvino, munoono. Saka, zvose zvinoshandira mukunaka.

³⁷ MuvaRoma, chitsauko chinozivikanwa zvikuru, ndinoda kutora mavhesi ma—mashoma pano, uye kuda mavhesi okutanga maviri kana matatu, mavhesi maviri, ndinofunga kudaro, ndoverenga. Zvino, imomo, ndoedza kuZvitsanangura ndokwanisa kwose kwandinoziva, ndichibatsirwa neMweya Mutsvene. VaRoma, chitsauko 12.

Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama, netsitsi dzaMwari, kuti muise miviri yenyu ive chibairo chipenyu, chitsvene, chinogamuchirika kuna Mwari, ndiko kushumira kwenyu kwomoyo.

³⁸ Ndafunga kuti izvi zvanga zvakaisvonaka kuboka rino mangwanani ano, pane zvamaita. Zvino, “Uye,” uye chibatandizo, sokuziva kwangu.

Uye musazvifananidza nenyika ino: asi mushandurwe nokuvandudzwa kwemurangariro wenyu, kuti muidze muzive kuda kwaMwari, kwakanaka, uye kunogamuchirika, uye kwakakwana.

³⁹ Ndizvo zvatinoda tose kuita, zvokuti, “Tisazvifananidza nenyika ino, asi tive tinoshandurwa nekuvandudzwa kwendangariro dzedu, kuti tigoita kuda kwaMwari kwakakwana uye kunogamuchirika.” Zvino nokuda kwekuti takaponeswa, sezvatiri; uye kuti takazadzwa neMweya Mutsvene, sezvatakaitwa; iye zvino tave kuda mufungo wakanga uri muna Kristu, kuti uye matiri, kuti tigoshandurwa kubva kuzvinhu zvapanyama zvehupenyu, uye togounzwa kuti tigoita kuda kwaMwari kwakakwana, neshanduko, yeMweya waMwari, kubudikidza neShoko raKe.

Zvino chidzidzo changu ndechokuti: *Simba Rokushandura.*

⁴⁰ Ndinogona kusiya Bhaibheri rangu *pano*. Zvino, zvaisiitika kuti, makore apfuura, pandaiva murume wechidiki sevarume ava, ini—ini handainyora pasi Magwaro angu ne—nezvimwe kana ndichinzvera. Asi zvino sezvo ndave kuchembera, saka, ndinotakura kabhuku kaduku. Zvino—zvino kana ndikawana chimwe chinhu, saka, ndinochinyora pasi, ndinochiisa paGwaro. Uye zvaitika kuti, ndaiva nemutsara wemaGwaro iwayo mundangariro dzangu, ndaizongodzika nawo.

⁴¹ Asi, shamwari dzinodikanwa, handisi muduku semi mose, mangwanani ano. Asi ndakwegura, uye ndakapfuura nemuhondo dzakawanda dzakaomarara, munooni; uye, mukupfuura nemuhondo dzakaomarara idzi, zvakusvitsa pauri nhasi mangwanani ano. Maona? Saka, ndine chokwadi chokuti munozvinzwisisa. Mwari vakandipfudza nemazviri, kuitira kuti Hupenyu hwangu hugozarura nzira, yokuti “*izvi ndiZvo, munooni,*” zvino imi mose munozomhanya nepanzira iyoyo. Asi mberi kwangu, pane mumwe akafanozarura nzira yokuti ndifambe. Maona? Zvino tinozarura nzira, mumwe kune mumwe. Uye sekuona kwenyu, dzimwe nguva, mhare yakare yave kukwegura, uye mavanga ake azere muviri wake wose, uye sekutaura kwakaita Pauro imwe nguva, “Ndakatakura mumuviri wangu mavanga aJesu Kristu.” Muri kuona? Kuti Timotio aitarisa mavanga aya, ndinofungidzira kudaro, noruremekedzo, paaikumikidza kuna Timotio muduku.

⁴² Zvino, “kushandura.” Ndaimboshandira Public Service Company, uko kwataiva nemagwenya okushandura magetsi, uye kuti ashandure. Zvino shoko iri nderokuti, shoko iri rinoreva kuti, pacharo, chimwe chinhu chakaita sokunge. . . *Kushandura*, zvinoreva kuti “chimwe chinhu chashandurwa, chimwe chinhu chashandurwa kubva pane chimwe chinhano chichiva chimwe.”

⁴³ Zvino sezvo ndiri kutaure, kwemaminitsi makumi mana nemashanu anotevera kana awa imwe chete, nezve—

nezve kushandurwa, ndinoda ku—kushandisa magwaro aya. Zvino ndi—ndinogona kutaura zvimwe zvinhu, imomo, zvinoita sezvinoshamisa zvikuru. Zvino sezvichangotaurwa neHama Leo, “Zvitorei mugoZvinzvera, kwechinguva.” Munoono, ingofungai nezvaZvo zvishoma.

44 *Kushandurwa* kuve wa “chinjwa waitwa chimwe chinhu chakasiyana.”

45 Sezvakaitea zu—zunguzurwa, rinoshandurwa kubva kuzunguzurwa rova datya. Munoono, neimwe nguva, rairatidzika seramba, richishambira kwese-kwese, ri—rine musoro nemuswe waro, uye zvoise zvinoratidzika sezvakaita ra—ramba. Zvino, mushure menguva, rinotanga kurasikirwa, rinorasikirwa nemuswe, zvino rino—rinoshandurwa kubva kuba chimwe chisikwa rova chimwe.

46 Ndinofuga kuti ndizvo zvaiva naPauro mupfungwa dzake, paakati, “Ivai makashandurwa noku—nokuvandudzwa.” Regai tione, regai ndinyatsozvibata zvakanaka. “Uye musazvifananidze,” munoziva zvinoreva *kuzvifananidza*.

. . . *musazvifananidze nenyika ino: asi mushandurwe nokuvandudzwa kwemundangariro wenyu, . . .*

47 “Kuvandudzwa kwendangariro dzenyu.” Zvinhu zvawaimbofunga pamusoro pazvo, kuti zvakanakosha, wozviisa parutivi woshandurwa kuve zvimwe zvakasiyana; zvawaimbova pane imwe nguva, kuve zvauri nhasi. Maona?

. . . *nokuvandudzwa kwemundangariro wenyu, kuti mungaratidza . . .kuda kwaMwari, kwakanaka, uye kunogamuchirika, uye kuzere.*

48 O, ndizvo zvoga zvatinoda kuziva, maitirwo azvo. Maona? Tiri pano, tinoMuda; Akatiponesa, zvino tinoda kuziva zvokuita. Uye tiri kuedza kutora nhano duku mangwanani ano, kuti tikwirire mudenga zvishoma. Dzimwe nguva tinofanira kurova zvinhu zvino . . .Imi chimbomirai zvishoma . . .kusvikira taona kuti zvinoguma zvakaitea sei.

49 Zvino muna Genesi, chitsauko chokutanga, “Mweya waMwari waifamba napamusoro pemvura.” Tinocherechedza kuti mvura . . .Uye—uye Bhaibheri rakati, “Pakutanga kareko,” kuti, iyi, “nyika yakanga isina chimiro, isina chinhu.” Hapana chakanga chiripo kunze kwerima renyonganyonga. Uye—uye yaive mumamiriro akaipa zvikuru. Pasina kana kunze kwekuva murima ikoko, pasina chiedza kana chimwe chinhu, uye nemafashama emvura, uye nyeredzi iyi yaingunombeya yaizeya ichtenderera nemunzira dzayo kunze uko. Yaifanirwa kunge yaiva zvinhu guru ri—rinotyisa re—re—rechinhu chakarasika, sezvayaiva, isingagoni kuwana nzira yayo.

50 Zvino ndizvo zvatinozova kana tave nyeredzi dzinombeya, dzichienda kure kubva pana Mwari, pasina tariro, pasina Mwari;

pasina, ichingozeya, kunze uko murima, tisingazivi paticha... uko kwatiri kuenda.

⁵¹ Zvino Mwari vakatora iyi nyonganyonga huru yerima, ndokuishandura kuva bindu reEdheni, munooona, neShoko raKe. Ndiwo mashandurirwo atinoitwa, neShoko raMwari. Apo Mwari pavakati, “Ngakuve nechiedza,” zvino zinhu iri rakasikwa riri kunze uko rakauya munharaunda dzezuya, zvino ndokutanga kutenderera ichipoteredza zuva, zvino ndokubva yava bindu reEdheni nokuti yakateerera Shoko raMwari. Yakaita kuda kwaMwari kwakakwana, nokuti yakashandurwa kubva munyonganyonga, kuva bindu reEdheni, kubudikidza neShoko raMwari.

⁵² Zvino ndizvo zvatavinga pano. Ndiyo Mharidzo yangu, zvayagara iri nguva dzose, iShoko raMwari. Tinofanira kubatirira paRiri zvisinei nezvinhu zvinoitika. Nguva dzose garai neShoko irori. Nguva dzose tarisai zvinangwa zvenyu nedonzvo renyu, kana zvichienderena neShoko raMwari. Kana zvisiri, zvisiyei zvakadaro. Maona? Asi kana zvichienderana neShoko raMwari, zvakanganana neShoko raMwari, zvadaro, izvozvo, imi batirirai pazviri.

⁵³ Zvino Mwari pane dzimwe nguva...Sezvakaite boka renyu duku riri pano mangwanani ano. Haaite kuti zvobva zvangoitika nousiku umwe, Anoita kuti, Mwari...Isu ndisu tinopinda muchimbichimbi. Mwari haaiti zvechimbichimbi. Anongozvitaure, zvino—zvino zvinozoitika. Nokuti, kana paine chaAtaura, chinotoitika. Chichatoitika chete! Iye, Iye anorega chichitora nguva yacho. Anorega...

⁵⁴ Vana vechiHebheru, vanhu vane mukurumbira muMagwaro, avo vakange vakamira paShoko raMwari kuti ndere chokwadi, vakati, “Mwari wedu anogona kutidzikinura kubva pabiravira iri remoto. Asi zvisinei, munooona, hatisi kuzokotamira chimupunzo, nokuti zvinopesana neShoko, munooona. Kunyangwe, kana Akatiuraya, Achatimutsa zvakare, munooona.” Munooona, uye vaka...Akavarega vakafamba kusvika chaipo pamuromo webiravira remoto guru iri, ndokutowiramo, zvisati zvaita sokunge Aitombova nehany’n’a, sokunge Akange asiri kutombovatarisa. Asi Anogara akatarisa nguva dzose, zvisinei. Anogara nguva dzose akazvitarisira.

⁵⁵ Zvino Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza.” Zvino zvakatora zviuru zvitanzhatu zvevakore kuti iyi Edheni izovapo, uye tinodzidziswa muMagwaro, “Nokuti zuva rimwe panyika raka...kana kuti—kana kuti—kana kuti rakafanana nechuru chamakore, kuna Mwari; chiuru chamakore panyika, izuva rimwe kuna Mwari.” Saka zvakatora zviuru zvitanzhatu zvevakore kugadzira nyika ino, uye nokuisvitsa pokuti ive Edheni. Asi, muri kuona, aive Mwari, Tenzi mukuru wehungwaru hwose, uye Iye—Iye zvaAida kuita aiva nazvo mupfungwa dzaKe.

⁵⁶ Sezvakaitea munhu akavaka tirera ino, apo munhu aka... Apo imi hama pano avo vakagadzira hurongwa hwepaki ino, kuti maizoigadzira sei, zvaive mupfungwa dzenyu, makaramba muchishanda muchiburitsa chiratidzo chacho.

⁵⁷ Ndiwo nzira iyo Mwari akaita nayo nyika. Akashanda; zvaiva mupfungwa dzaKe. Uye, kana mukacherechedza, zvakauya kunge semavambo anodzidziswa nesainzi, sokunge Akange achiwedzera pakudzidza nguva dzose, achigadzira chinhu chairamba chichikura nokukura. Asi, munooona, Aive pamusoro pazvo zvose, ndokuzvirega zvichikura kusvikapo, munooona. Zvinhu zvose zvaAkataka kuunza pano panyika, kubva pane zvinomera, nehove, nezvimwe; zvakasvika pashiri, nemhuka; zvino tevere chinhu chiri mumufananidzo waKe pachaKe, munhu; ndokugumira ipapo, munooona, nokuti chakanga chasvika pakukwaniswa kwaKe, kwezvaAida.

⁵⁸ Ndiwo matangiro aunoita, setirera ino. Unogona kuisa furemu yesimbi pasi, zvino woti, “Uri kuitei?” Semi, pamakabvisa matombo okutanga kubva mukona iyi iri pano. “Muri kuitei?” Munooona, zvakanga zvisingaratidzike kuti yaizova sezvayava zvino. Inoratidzika seEdheni duku, nokuti zvaida kuitwa zvaiva mupfungwa dzenyu, zvino imi ndokuramba muchishanda.

⁵⁹ Zvino tinoda kushandurwa, isu pachedu, nekuvandudzwa kwemufungo wedu. Munooona, kwete zvatiinazvo pano panyika, zvatichatsvaka pano panyika; asi izvo zvatiri kuzove, munyika inouya. Tashandurwa nekuvandudzwa kwemufungo wedu!

⁶⁰ Zvino, zviuru zvitanzhatu zve makore, ndiwo akatorwa naMwari kugadzira izvi, uye tinozviona muna Genesi 1. Zvisinei, zvino tinoona kuti, mazviri, Mwari vaiva ne—vaiva nechinangwa chaVaida kuti chitike.

⁶¹ Zvino vanhu vakawanda, mukudzidzisa Genesi, seri uku muchitsauko chokutanga nechitsauko chechipiri, nechitsauko chechitatu, kunyanya, “Zvinoita sokunge Mwari Anodzokorora zvaambotaura. Kana kuti Akati, Akafanoenda mberi ndokutaura zvinhu zvose izvi zvaAkaita. O, kuti Aka... ‘Ngakuve nechiedza, uye ngakuve neizvi, uye ngakuuye,’ zvino pakanga pasati pava kana nechinhu chimwe chete chaivapo.” Hapana chaivapo. Pakanga pasina chiedza. Iyo—iyo nyika yakanga ichiri yakayangarara kunze uko murima, yakaputirwa yose nemvura. Asi, munooona, Akataura Shoko raKe, zvino ndipo paAkange ave kutaura.

⁶² Zvino tinocherechedza pano muna Genesi 1, Akati, “Zvino Akasika munhu ari mumufananidzo waKe, akafanana naYe pachaKe, mumufananidzo waMwari Akasika (Akasika) munhu, murume nemudzimai.” Munooona, Akanga ari kusika munhu, Akangotaura Shoko. Zvino tinoziona kuti, mushure memazuva aKe mazhinji apfuura, pamwe mazana nemazana emakore,

pakanga pasati pava nemunhu kuti arime ivhu. Pakanga pasina munhu airima ivhu, zvino Mwari akazoumba munhu kubva muguruva renyika. Munoono, Akange ataura Shoko, zvino Shoko rakatozoitika.

⁶³ Zvino, paAkati, “Ngakuve nechiedza,” zvimwe kwakave nemazana emakore, pamwe mazana masere emakore, pasati pava nechiedza, asi zvakaitika nokuti Mwari akanga azvitaure.

⁶⁴ Zvino Mwari achazova neChechi, handina basa nekuti mazera erima mangani atinopfuura nemaari, uye nezvimwewo. Ari kuzova neChechi isina gwapa kana kuunyana, zvisinei kuti tiri chikamu chayo here kana kuti kwete, nokuti Akatofanotaura kuti zvaizoitika. Ichavepo.

⁶⁵ Uye—uye Akaraira, ku—kuishandura kuhupenyu hwezvinomera nehupenyu hwose hwaAkasika. Akataura mashoko aya, sokuti, “Ngakuve nemuti wemupamu. Ngakuve nemuti wemuoki. Ngakuve nemuti wemufee.”

⁶⁶ Tarisai zasi mugwenga, kwatinogara zasi uko muTucson. Kunze ikoko, kune madhorofio, madhorofio anosvetuka, mhando dzose dzemadhorofio. Maminitisi makumi matatu kungobvapo, kune miSherman pine pamusoro pegomo. Zvino, mudhorofio uyu haumere padenga *ipapo*, uye kanawo muSherman pine haumere zasi *kuno*. Zvino, hwaivepi Huchenjeri hwakadyara mbeu? Munoono, dzine kwadzaitofanira kunge dzakabva. Raive Shoko raMwari, “Ngakuve,” uye zvikavapo.

⁶⁷ Zvino, tinoona kuti zvose izvi (mushure mokunge Azvisika, achizvishandura kumhando yazvo nehupenyu hwazvo, uye—uye zvose zvakaiswamo neShoko raMwari, Musiki), zvose, tinoona, kuti zvose zvakaguma zvave kumuzinda, wainzi bindu reEdheni; zvino Mwari akaisa mwanakomana wake, nemwenga wemwanakomana wake, pamusoro pazvo zvose. Maona? Kusika kukuru uku, munoono, Aiva nechikonzero chazvo. Akasika zvinhu zvose zvakaisvonaka! Akasika maruva, nehupenyu, pamwe neshiri; uye pakanga pasina rufu, pasina chivi, pasina kusuwa, pasina hurwere. Zvino chinhu chikuru chose ichi chakaguma chave mumuzinda mukuru, uyo waiva bindu reEdheni.

⁶⁸ Zvino imomo Akaisa mwanakomana wake, Adhama, nemwenga waAdhama, mudzimai. Zvino unogona kuti, “Aiva mudzimai wake.” Pane zvinotaurika aive mudzimai wake, asi akanga asati...haana zvirokwazvo kunge ati ava mudzimai wake.

⁶⁹ SemuMagwaro, tinoona kuti, apo paRinoti, “Josefa, iwe mwanakomana waDhavhidha, usatya kuzvitorera Maria mudzimai wako, nokuti icho chakagamuchidzwa maari ndecheMweya Mutsvene.” Maona? Zvino akanga ari mudzimai wake paakapa vimbiso yekumuroora, kana yokuzomutora; asi

zvakadaro akanga asati ava mudzimai wake, ipapo, nokuti akanga asati amuziva semudzimai.

⁷⁰ Saka ndizvo zvazvaiva pano, chikonzero ndati, “Mwanakomana waMwari nemwenga wake.” Adhama akanga asati aziva mudzimai wake semudzimai, asi zvakadaro aive mudzimai wake, pakutaurwa kwazo. Sezvakaita Chechi zvino, naKristu.

⁷¹ Zvino, zvakadaro, vose vaigona kuzorora, nokuti mbeu dzose dzeShoko dzakanaka dzaMwari, dzaAkanga ataura, dzakanga dzabereka zverudzi rwadzo. Nyika yakauya, pakava nechiedza. Pakava nekuvheneka kwezva paAkarega zuva richipenya. Zvino sei Akaita kuti zuva rigopenya? Aive nazvo mupfungwa dzaKe, munoono, kuti, kana zuva rikasopenya, maruva haazokuri, ayo Aakange ataura kuti avepo. Anoita kuti chinhu chose chizadzikise chinangwa chacho, chingavei. Semuti, unobereka imwe mhando yemhodzi, kana kuti unobereka apurosi. Anosika michero yemubindu, nezvimwe zvakadaro. Zvose zvakaitirwa chinangwa chaKe. Uye zvinhu zvose zvaifanira kuzadzikiswa, uye Akange azviture. Zvino chinhu choga chaAifanira kuita, mushure mokuchitaura, Iye... achichitaura, ndizvo zvandinoreva. Aikwanisa kuchienda kunozorora, nokuti Akanga azviture, uye zvose zvaifanira kuzoitika nokuti Akanga azviture. Handizive kuti zvaizopfuura nemune zvakadini kuti zvizoitika, kurambwa kwakadini nezvimwewo. Asi zvaitofanira kuzadzikiswa, nokuti Ainge ati zvaizoitika. Akange azviture.

⁷² Ndizvo zvimwe chete maererano nokuva neChechi pano mumazuva okupedzisira. Achava nemwenga. “Anokwanisa kubva kumatombo aya kumutsa vana kuna Abrahamana.” Kana tikasaMutevera, Anowana mumwe munhu anoMutevera. Maona? Achava naYo, nokuti Akatofanozviture kare. Zvose zvaAnotaura, zvinoitika nenzira iyoyo. Hazvigoni kushanduka. Zvinoifanira kuitika nenzira iyoyo, nokuti Akati zvichadaro.

⁷³ Uye chinhu chikuru chose ichi chaAiziva kuti chaizoitika, mushure mokunge A—Achitaura, Aigona kuzorora. Zvinhu zvose zvichiendeka nemazvo! Mbeu yaKe yaiva Shoko raKe, uye Shoko raKe imbeu. Jesu wakati rakanga riri. Uye zvinhu zvose zvichange zvakanaka, nokuti Akanga ati zvibereke zvina marudzi azvo, zvichishandurwa bedzi kuva zverudzi rwazvo. Munoono, Shoko raKe raifanira kuva riri remhando yaRo. Kana Akati muti wemu “palm”, Ainge asiri kureva mupalm nemuoki zvakasangana pamwe chete. Aireva kuti muti wemu palm *pano*, nemuti wemuoki uri apa, chinhu chose chiri panzvimbo yacho.

⁷⁴ O, dai taingodzidza izvozvo, kuti chingadai chiri chikamu chipi cheShoko chatingava, tinofanira kutora nzvimbo yedu, zvisinei kuti yakaita sei.

⁷⁵ Ndinofunga nezvehanzvadzi duku iyi pano muhwiri cheya, pane dzimwe nguva, kuti minamoto yakawanda zvakadini yakatendeka yakaitwa paari. Zvadarwo hatinzwisise, saka tinongozvikumikidza kuna Mwari. Uye pamwe...Iye iruva pakati penyu pano, nehunaku hwake pamwe nezvose. Munooona, kuti isu tinogona kusimuka tofamba-famba, iye anotoshuvirawo kuzviita, asi zvakadarwo anongofadza magariro aanoita. Nguva dzose ndinonzwa kufemerwa kutarisa mudzimai muduku yuyu, munooona, nokuti ano...Tose tinotenda mukupodzwa. Takaona Mwari vachiita mashura anodarika izvi, munooona. Uye iye anozvzivawo, zvakare, munooona, asi akagadzirira kutora nzvimbo yake.

⁷⁶ Munooona, chingavei, ndicho chatinoda. Uye ndinotenda akanga ari Dhavhidha, akati, “Zviri nani kuva chitsiko chepamuswiwo paimba yaShe, pane kugara mumatende nevane moyo yakashata.” Muri kuona, zvisinei kuti chii, “ndinotora nzvimbo yangu.”

⁷⁷ Dzimwe nguva unotozvipsanura kubva kune zvose zvakakosha pano panyika, kwauri, kuti utore nzvimbo yako iyo yawakadanirwa naMwari. Ndine chokwadi chokuti munogona kuverenga pakati pemitsara, pane zvandiri kutaura. Maona? Dzimwe nguva munhu akakoshesesa panyika, unofanira kuonekana navo; zvino wotora nzvimbo yako muna Kristu, uko kwawadanirwa naMwari. Maona? Asi Mwari ari kuitei? Kukushandura kubva kune zvawanga uri. Pamwe mwanasikana kana mwanakomana, kana zvimwe zvaungave, kubva kumhuri yakanaka pane dzimwe nguva, Anokuisa pane imwewo nzvimbo. Nokuti, ndiyo nzira yaAnozviita nayo, munooona, nekuvandudza mufungo wenyu, kuti uterere Shoko raMwari, zvisinei mubhadharo wazvinotora. Maona? Zvinhu izvi hazviuye... Hazvina kudana...

⁷⁸ Rudzikinuro rwedu rwakanga rwusiri chinhu chakachipa, zvakatora Mwanakomana waMwari kutifira isu. Maona? Hazvisi...Zvinhu zvakakosha zvinouya nomubhadharo mukuru.

⁷⁹ Kuunza Mharidzo ino, zvakanga zvisiri nyore. Maona? Kwete, hazvisi. Ndakatosiya zvose zvaiva zvakakosha kwandiri, kana nevanhu vangu, munhu wose. Asi munooona kukosha kwazvo ndeuku, muri kuona, kuita kuda kwaMwari. Zvino kuita izvozvo, apo ndichiziva kuti pane chimwe chinhu chiri mandiri, apo pavaisimboti...Zvakanaka, vakanga vachazondidzinga; vachifunga kuti ndave kupenga. “Kubhabhatidza muZita raJesu Kristu, zvichipesana nechechi. Uye nezvimwe zvose izvi!” Vaiti, “Ave kupenga.” Asi, muri kuona, Hazvina basa kuti vaiti kudini, pane chimwe chinhu chinofanira kuitwa. Zvino Mwari anongotora munhu, omuisa muruoko rwake, oti, “Ita izvi,” zvino iwe wobva wazviita.

⁸⁰ Wakave mubhadharo wakadini kuna Mutsvene Pauro; akadzidziswa naGamarieri, mudzidzisi mukurusa wezuva iroro. Zvino akazouya, uye chinhu icho chaaiti kutsauka, zvinhu zvaafunga kuti ndizvo zvaiva zvezvinhu zvakaipisisa zvakaitika kuchechi, iye akazonyatsotendeuka zvino ndokuva mubati waZvo. Chinhu chinoshamisa! “Kuti Mwari anoshanda nenzira dzinoshamisa, nemunzira dzinokatyamadza, dzisinganzwisisike, achiita minana yaKe.”

⁸¹ Mwari paakazvitaure, Aiziva kuti Shoko raKe imbeu; uye yaigona, yaizobereka zverudzi rwayo. Zvino, yakarairwa kubereka bedzi izvo zverudzi rwayo, uye icharamba ichiita saizvozvo ndokunge kana munhu asina kushereketa nayo.

⁸² Zvino ndizvowo neChechi yaMwari nezvimwe zvose, zvinobereka zverudzi sezvazvaiva pakutanga, ndokunge kana vadzidzi vebhaibheri vasina kutamba neShoko racho, vachiedza kuriisa pane imwe nzvimbo, kana zvimwewo zvinhu. Mwari akaRitaura. Uye zvisinei kuti vanokwanisa, vanoedza kuRisvibisa nekuRitambisa, uye nezvakadaro, Richabereka zverudzi rwaRo. Hapana kana chinhu chinoRimisa.

⁸³ Ndinovimba kuti handisi kuita sokunge ndiri kukukarirai. [Hama Branham vanogadziridza maikirofoni—Mupepeti.] Izwi riri pamusoro-soro here? [Ungano inoti, “Kwete.”]

⁸⁴ Uye, munoona, iye zvino tinoona zvinhu zvose zviri muhurongwa. Mwari vakazvitaure, uye Vakati, “Ngakuve ne, ngakuve ne. Uye ngakuve neEdheni. Ngakuve nemaruva akanaka. Ngakuve nemwanakomana waNgu, ari mumufananidzo waNgu Ini, agomira umo mubindu reEdheni, uye regai mwenga wake amire parutivi rwake.” O, zvakanaka sei, izvo zvazvainge zviri. Zvino Baba, Aive Baba, muri kuona, zvino kwakauya vana vaKe Iye ndokuvapo. Zvino akavagadzirira paradhiso. Mwari anoda kuitira vana vaKe zvinhu.

⁸⁵ Hamurangariri here zvamaiita, imi vana amai, zvamaiita zvisinei kuti zvakaita sei; kana zvaitora kubika chikafu chishoma, kana Junior achida shangu dzakanaka dzaanenge achida, mai—maizviita, munoona. Chingavei, kuitira vana venyu chimwe chinhu! Baba, maishanda zvakati simbei, kuti muwane chimwe chinhu chevana. Maona?

⁸⁶ Zvakanaka, zvinongoratidza kuti tiri zasi-zasi *uku*, mubereki. Iye ndiye Mubereki mukurusa, munoona, uye zvakawedzerwa zvakadini! Ndosaka muapostora akati, “Ziso harisati ramboona, kana nzeve haisati yambonzwa, uye hazvina kana kumbopinda mumoyo wemunhu, izvo zviri kuna Mwari, zvaakachengetera, avo vanoMuda.” Hatitombokwanisi kuzviisa mupfungwa dzedu, isu, pfungwa yedu haina kodzero yekufunga negwara chairo—chairo izvo zvachengetwa naMwari, kwatiri isu vanoMuda. Munoona, isu, ndinogona kufungidzira zvazvichazove, ndinogona kufunga zvazvichazove,

asi ini—ini...pfungwa yangu hai—hai—haikwanisi kufunga nezvemakuriro azvakaita. Zvinodarika izvozvo. Unogona here kufungidzira kuti Denga richange rakaita sei apo patichange tiripo tose, uye tave vaduku, uye pasisina chivi? Uye pasina... O, inzvimbo yakaisvonaka! Asi, munoono, zvinodarika ipapo. Munoono, isu, “hazvikwanise kana kupinda mumoyo wemunhu, izvo zviri kuna Mwari, zvaakavachengetera.” Akazvitauro, zvino zvichava saizvozvo.

⁸⁷ Zvino mushure mehurongwa hwose uhu hwakanaka hwaAkaita uko, yezvaKe...Handirevi kuzvitauro neshoko iroro, hurongwa, asi zvakaita sokunge...Ko amai, mwana asati auya, ko havadani here zviya kuti gadziriro yemwana? Vanotora...twese tumabhutusi nezvose zvigovapo, munoziva, kuitira kuuya kwemugove muduku uyu werudo uri kutumirwa naMwari, vova nazvo.

⁸⁸ Ndizvo izvo Mwari akaitira Adhama naEvha. Akasika bindu iri reEdheni. Akanga aritaura, raive mupfungwa dzaKe; zvino kana Akazvitauro, zvinofanira kuitika.

⁸⁹ Zviisei mupfungwa zvino. ZvaAnotaura, zvinofanira kuitika! Munoono, uye haAkwanise...Hapana chinokwanisa—chinokwanisa kuzvidzivisa, hapana chinozvimisa kuti zvisaitike. Hapana chinozvimisa kuti zvisaitike. Mwari vataura kudaro, zvatopera! Mwari vazvitauro, zvichaitika.

⁹⁰ Zvino Aive nezvose izvi mupfungwa, zvino Iye ndokuti, “Ngakuve ne.” Zvino, ndiGenesi 1, munoono, “Ngakuve neizvi. Ngakuve neizvo. Ngakuve ne.” Ainge ari kudyara mbeu. “Ngaive apa. Ngaive apa. Ngaive apa.” Zvino Aiziva kuti zvaizova saizvozvo, nokuti hazvishanduke.

⁹¹ Zvino izvozvo zvinotipa kutenda, zvino. Uye zvaAkataura Pano, zvichaitika. Saka ngatiitei kuti Mbeu iyi iwire mumoyo yedu, kuitira kuti isu tigova bindu yaRo yekudyarira, munoono, mumoyo yedu. Uye ngatinyatsoitei izvo zvepanzvimbo ino yaAkatiisa mairi, mumazuva okupedzisira. Munoono, “Itai kuti Mbeu igowira mumoyo yedu, Ishe. Itai kuti Shoko reNyū riwire mumoyo mangu.” Ngapasambova nokusatenda zvachose!

⁹² SaAbrahama, paakange ave mutana, zvairatidzika sezvisingakwanisike. “Ko vachazviita sei? Ko achazova sei zvakadai?” Haana kumbofunga nevazvo. Akangogamuchira Shoko raMwari, ndokuenda mberi achizvitenda, zvino Mwari vakazovizadzikisa. Zvino, Mwari vakanga vataura zvinhu zvose izvi, saka vaiziva kuti zvaizoitika. Uye zvakaitika, Akaita kuti zvibereke zverudzi rwazvo.

⁹³ Zvino nokuti Akanga ahandura ipapo zvino, mbeu dzose kuva chisikwa chinorarama pamwe nechisikwa icho chayaifanira kuve, zvakavepo chaizvo sezvaAkatura kuti zvaizove. Kana kuti, Akati, “Ngazvivepo.” Pamwe mazana nemazana emakore akapfuura, asi pano tinoriona riri bindu

reEdheni rakanaka, uye mazishiri makuru achibhururuka. Shiri idzodzi dzakanga dzisingafe. Uye mhumhi negwayana zvaifura pamwe chete, uye shumba, mbada nemombe. Uye pakanga pasina kuuraya, pasina rufu, pasina kusuwa. Zvino hepanoi Adhama naEvha, vachifamba mubindu reEdheni. Mbeu yose ichibereka, hapana zvimwe zvayaigona kuita. Hapana zvimwe zvayaigona kuita, nokuti Mwari vakati, “Ngazvive saizvozvo.” Zvakatozova saizvozvo.

⁹⁴ O, ndingada sei kumbomira pano kweminiti, nditi, munoono, ndiko kwatakatarisa, zvino, kuzadzikiswa kweShoko.

⁹⁵ Zvino Mwari vakati, “Ngakuve ne.” Zvino hezvinoi zvave kuuya, kutanga, zvakakwana, nemazvo. Zvino, muti *uyu* unogona bedzi kubereka muti uyo. *Uyu* muti unogona bedzi kubereka muti uyu. Zvino Adhama, semwanakomana waMwari, anogona bedzi kubereka mwanakomana waMwari. Munoono, mabata here zvandiri kureva? Kuti chinhu chose chinouya serudzi rwacho, uye saka Mwari aigona kuti, “Zvakanaka, ndave kumbozorora zvino.”

⁹⁶ Uye mambocherechedza here, kuti aiva mashoko mashomanani akataurwa naMwari, chaizvo izvo, kubva panguva iyoyo zvichienda mberi? Akazvikumikidza, mushure mekuwa, kuvaporofita vaKe, uye vave kuunza Shoko zvino, maona. Mwari akazorora, Akanga asisina zvimwe zvokuita. Vaingoenda kumuzinda waKe vosvikogogodza pamusiwo, vachiti, “Baba, munodei?” Zvino Aivatuma neShoko. Munoono, Ane hurongwa, uye nenzira yokuita nayo zvinhu izvozvo.

⁹⁷ “Ngazvingova...” Uye ndiyo nzira yazvaive, zvose, zvembeu ichibereka zverudzi rwayo. Zvino apo zvinhu zvose pazvainyatsoratidzika zvinoyevedza, uye zvinhu zvose zvichiitika sezvakanga zvataurwa naMwari, zvino hepanoi pachiuva munyengeri uya ane mano, ane tsvina.

⁹⁸ Zvino ndizvo zvandiri kuedza kukuyambirai kwazviri imi mose pano. Kana moona Mbewu yaMwari yave kutanga kudzika midzi, kuti ikure, ngwarirai uyo muchinda anouya nokuchenjera kwose kwaainako, otaura Magwaro nenzira yose-yose, munoono. Mungwarirei, nokuti munyengeri.

⁹⁹ Ndichamudana, panzvimbo yemu—mufananidzi, kufanana, iye mutsveyamisi, kutsveyamisa zvinhu zvakafananidzwa. Iye mutsveyamisi, uye, iye, mutsveyamisi, munyonganisi, kana musvibisi weMbeu yepakutanga nehurongwa hwepakutanga.

¹⁰⁰ Zvino munoono pano, semuboka renyu pano mangwanani ano, mune hurongwa, mune chiratidzo. Zvino ngwarirai musvibisi uyu, o, anenge aine mano nehunhubu zvachose, muri kuona. Asi chengetedza chiratidzo chako, mukomana. Waona, ramba wakabatirira pachiri.

¹⁰¹ Zvinowo zvakare tinoona kuti, paakapinda, akatsveyamisa mbeu iyi. Zvino akasvibisa mbeu iyi nokupinda panzvimbo

yekudyarira, iyo yaiva Evha, zvino ndokusvibisa mbeu iyi, nembeu yakasviba, isati yakwanisa kusvikako, kuti asvibise bindu rakanaka iri reEdheni.

¹⁰² Apo—apo, Denga, chinhu choga icho zvachiri, kunongova kudzoreredzwa. Patave zvino, tiri munzira yedu yekudzokera kumavambo epakutanga ekusika kwaMwari, kudzokera kubindu reEdheni zvakare; murume nemudzimai, vasina—vasina kana—kana chivi kana chii, vachirarama nokusingaperi. Asi ku—kusha- . . . ku . . .

¹⁰³ Zvino, iye zvino Anoda kuti tishandure pfungwa dzedu, nokuvandudzwa; kana kuti kushandurwa, kushandurwa nokuvandudzwa kwepfungwa dzedu—dzedu.

¹⁰⁴ Zvino Satani anouya osvikoisa kutsveyamisa kuShoko, achiRiita kuti ritaure zvimwe zvinhu zvaRisiri. Zvino ndizvo zvakaiteka pakutanga. Uye zvino cherechedzai, izvi zvichanzwika sezvinoshamisa zvikuru mangwanani ano, ku—kuvanhu, kana ndikasamira zvino ndoisa pfungwa yakawanda pano ndisati ndasvika kupfungwa yangu yanhasi yandanga ndichida ku—kuunza kwamuri. Ndeiyi, yekuti, mutsveyamisi akapinda; zvino saMwari akanga atora zviuru zvitathanu zvevakore neShoko repakutanga, kuunza shoko rose nerudzi rwaro, uye zvose zvaAkagadzira zvinenge zviru Shoko raMwari pachaKe richibereka zverudzi rwaro, zvino mutsveyamisi atora zviuru zvitathanu zvevakore, ekutsveyamisa iroro Shoko raMwari. Zvino akaitei? Azvigadzirira imwe mhando yeEdheni, Edheni yaSatani. Ndimu matiri kurarama nhasi uno.

¹⁰⁵ Akazviita sei? Ko zvakaizomboitika sei? Zvino pane nyaya yacho chaipo zviru pamaitiro aakazviita nawo. Zvino ndipo patinofanira ku, zvandavinga pano, kuzviisa pamberi penyu, kuitira kuti mugozvinzvera zvino, uye nehama dziri pano, nevamwe, mumavhiki anotevera, kuti muzoona kuti Satani akazviita sei. Uye cherechedzai kuti ane mano zvakaadini, uye kuti anonyengera zvakaadini.

¹⁰⁶ Zvino, akatsveyamisa mbeu idzi. Zvino, haaigna kudziparadza, akangodzitsveyamisa. Zvino tinoona kuti chivi kururama kwakatsveyamiswa. Nokungoti nhema ichokwadi chataurwa zvisiri izvo. Munooona, chipi hacho. Hupombwe chiitiko chakanaka, chakagadzwa naMwari, changotorwa nenzira isiri iyo. Munooona, chipi hacho. Uye rufu kutsveyamiswa kwehupenyu. Munooona rufu runongotora, munooona, runotsveyamisa hupenyu.

¹⁰⁷ Zvino akava nezviuru zvitathanu zvevakore ekuzviita nechipfapfaidzo chake chine chepfu. Zvino akazviita sei? Zvino apa ndipo pane nyaya yacho chaipo. Uye nyatsotereresai zvino. Akazviita kubudikidza nebudiriro yehungwaru. Zvino zvinoita sezvinoshamisa, asi ndizvo. Ndichaita chitaurwa pano chichakusiyayi muchingofungidzira,

pamwe, kwemaminiti mashoma; handitarisire kudaro. Asi macherechedza here izvi? Zvino handisi kuedza kutsigira kusadzidza. Asi munoziva here kuti budiro yehungwaru, sainzi, dzidzo, nezvinhu zvatinokoshesa zvikuru nhasi, ndizvo zvombo chaizvo zvaSatani, kunyangwe budiro yehungwaru? Budiro yehungwaru haina kumbounzwa naMwari. Budiro yehungwaru yakaunzwa naSatani. Zvino ndichazviratidza kwamuri neShoko, mumaminiti mashoma.

¹⁰⁸ Budiro yehungwaru haisi yaMwari. Nokuti, regai ndikuratidzei; mubudiro ino, patinowedzera kubudirira apo tinenge tichishanda nesainzi, tiri kungozviuraya nguva dzose. Maona? Zvino Budiro ino yehungwaru yavaka kusvika panhongonya payo zvino, zvino tine rufu mubudiro ino. Tine chivi mubudiro ino. Tine hurwere mubudiro ino. Haingambova yaMwari.

¹⁰⁹ Saka, Mwari, muMir- . . . HwaKe hukuru, Humambo hwaKe hukuru huri kuuya, tichava nebudiro, asi ichange isina kuita sezvakaita ino. Haizoitwi nesainzi. Ichava budiro yekutenda, kubudikidza neShoko. Maona?

¹¹⁰ Budiro ino yesainzi yatiinayo, mazvirokwazvo muteyo waSatani, uye ndiyo yaauraya nayo vanhu. Ndiyo yaari kutiuraya, nayo, mazuva ose. Ndizvo, patiri kudya, zuva rogaroga; panzvimbo yokurarama, tiri kufa. Vanyatsotsveyamisa zvinhu zvose, kusvika pokuti ukatora zvimwe zveizvi wozvisanganiswa neizvi, zvino wosanganisa izvi neizvo, izvo, kusvikira zvave kufa. Rudzi ruri kufa. Uye hazvina basa nezvaunodza kuita, unofa.

¹¹¹ Makaona mufananidzo uya manheru apfuura, wevaya vatema vekuAfrica. Munoziva sei? Havana kumbopiwa mushonga wepenicillin. Vanhu ivava vanorarama zvakareba kudarika zvatinoita. Havatombozivi kuti va . . . Utachiona hauvanetsi. Munoono, sei, utachiona unoisa maoko mudenga uchisarenda kwavari. Maona? Nokuti iye, munoono, haadaro, iye . . . Havadaro. Sei? Vose havana kumbo . . . Munoono, tinotora, sainzi kuti tinzwisise, sepenicillin kana chimwe chinhu chavanoisa matiri, kuti—kuti vabvise chirwere ichi, zvino chinoparadza chimwewo chinhu, chogadzira nzvimbo yekudyarira yechimwewo chinhu. Maona? Zvino, iye haadaro. Maona?

¹¹² Zvino ani hake, vazhinji venyu imi vanhu munobva kumapurazi. Munhu wese anoziva kuti chirimwa chakanaka chine hutano hachidi kufiritwa. Chi—chine mushonga unodzvinga zvimbuyu pachiri, wehupenyu, zvokuti utachiona hautombosviki pachiri, pane chaicho—pane chaicho chirimwa chine utano. Ndeicho chirimwa chinodyara panodziiswa, ndeicho chirimwa chemasanganiswa chaunofanira kurera semwana!

113 Toti somuenzaniso, vamwe venyu imi machinda pano munobva uko Kumadokero. Tarisai shure munguva dzemhou dzenyanga refu. Nhasi munoti mune nyama yemombe iri nani neenyu—neenyu maHereford. Munayo here? Hamuna. Iyo mhou yenyanga refu, kwete kuti ndiri kutsigira musikana uyu, asi yaigona, yaigona kugara muchando kuno senondo. O, yainge yakaonda nezvose, asi yaiva yakapetwa kaviri . . .

114 Hereford iyi, unoisira mauswa pasi payo, paunoitira mufananidzo, kusvika padumbu rayo, potse-potse, kuti uratidze kuti ine nyama kusvika kuzondo. Zvino chii? Ukaisairira kunze uko, inofa. Hayaikwanisa kugara muchando kana yaifanirwa kugaramo. Unotofanirwa kuipa chokudya, nezvimwe zvese, kuti uiriritire, uchiibata semwana. Ndeye masanganiswa. Maona? Asi chaiyo, yenyanga refu yechokwadi, unongoisairira.

115 Ndizvo zvakaita Makristu edu nhasi. Tine vakawanda vatinofanira kubata zvakanaka, uchivagombedzera, wovapinza, womuita mudhikoni muhechi, womubhabhadzira pamafudzi, womuisa pane chimwe chinzvimbo chikuru muhechi. Kana kuti, mukasadaro, sei, iye, haazo—haazo pindimo, kana mukasaita kuti *uyu* aite izvi, *neuyu* aite izvo. Kubata sevana.

116 Ungafungidzire here Makristu echokwadi achiita zvakadaro? Vaive vakakwasharara. Vaive vakasimba. Ungafungidzire here Mutsvene Pauro ari mhando yakadaro yemuKristu, ungfungidzire here Mutsvene Petro, “Iye zvino—zvino, mukasandiita mutariri mukuru, zvakanaka, handizivi, ndingangoenda kunojoinha *Nhingi-nhingi*”? Vaive varume vakakwasharara. Vaive varume vekutenda. Vaigara pamwe naMwari. Vaifamba naMwari. Vaive varume vemashoko mashoma. Vaishumira Mwari, siku nesikati, nguva dzose. Havaida kuti uvapfapfaidze nokuvabata sevana, wovavimbisa *ichi*, *icho*, kanawo *chimwe*. Vaive varume, vakakwasharara! Vaiva mbeu chaidzo, kwete dzemasanganiswa mumasangano.

117 “Kana imi, maMethodisti akasandibata zvakanaka, ndinoenda kumaBaptisti. MaBaptisti akasandibata zvakanaka, ndinoenda kumaPentecosti. Kana vakasandibata zvakanaka, ndinodzokera kumaKatorike, kana zvimwewo.” Munoono, ivo, imbeu dzemasanganiswa, dzinofanira kugara dzichifiritwa, “Hongu, Chiremba Mufundisi Hama *Nhingi-nhingi*.” Ichocho hachisi Chikristu.

118 Chikristu hachikumbire—hachikumbire madunhurirwa, hachikumbire kuitirwa mafevha. Chinongoziva Mwari oga. Imbeu yepakutanga. Chinoda Mwari, uye chine rudo mumwe kune mumwe. Hapana zvekuvafirita, nekuvabata sevacheche, nokupota muchivabhabhadzira, muchiti, “Hongu, zvakanaka, *iyi* hanzvadzi, zvakanaka, ndinotenda zvakanaka kuti ive nevhudzi duku, uye kwete *uyu*.” Zvino—zvino hapana zvinhu zvakaita saizvozvo, uye movarega pane *izvi* vasina murango.

Chaka—chakakwasharara, ndiro Evhangeri! Riparidzei kunze ikoko, morega richiwira parinoda. Makristu anozvida.

Ndingatakurwewo here Kumusha, Kudenga,
Pamutambarakede,
Apo vamwe vakarwira kuwana mubairo
Nokufamba nemumakungwa eropa?

¹¹⁹ Ndingafanirewo here kubhabhadzirwa kumusana, *neizvi*, *izvo*, uye *nezvimwe*, nekuitwa kacheche? Ndinotarisira nzvimbo yangu mberi uko nevakakwasharara. Handitarisire kusvikako ndisina kana mucherechedzo wemavanga zvachose.

Ndinofanira kurwa, kana ndichazotonga,
wedzerai hushingi hwangu, Ishe!

¹²⁰ Munoono, regai ndimire semuKristu. Kwete kuva chi—chirimwa chemasanganiswa. Chinofanira kubatwa sekacheche kachibhabhadzirwa, nokuzounzwa mune zvimwe. Haungounzwa nenzira yose-yose, Chikristu, unobarwa machiri. Unobva wava chisikwa chitsva, uri mbeu yaMwari, yauya pano panyika.

¹²¹ Zvino, iye zvino tinoona kuti akapfapfaidza nechepfu, zvino chipfapfaidzo ichi chaiva chipfapfaidzo chekunzwisisa kwechimanjemanje, dzidzo, sainzi, nebudiriro yehungwaru, izvozvo chaizvo zvinhu zvacho zvatinokoshesa zvikuru. Makambomira here muchifunga kuti mhandu yedu huru, muhupenyu hwepanyama pakati pamarudzi, icommunism? Chii mwari wecommunism? Budiriro, nedzidzo, sainzi. Ndizvozvo, handizvo here? Ndizvo zvavanorarama nazvo nokubudirira pazviri, isainzi, zvesainzi, sainzi, mwari wesainzi. Zvino kana mukango...zvino nekupfapfaidza kune chepfu kwebudiriro yechimanjemanje, sainzi nedzidzo.

¹²² Zvino regai ndikuratidzei kuti dzidzo pamwe nebudiriro zvinobva kuna dhiyabhore. Zvino ngativhurei shure kuno tione, kana muchida, muna Genesi, chitsauko 4. Zvakanaka, zvino ngatitangirei pandima 16 yaGenesi 4. Gumi neina pano kana kuti... Genesi 4, ruregerero. Zvino cherechedzai, Satani... .

¹²³ Imi vanhu, munotevera matepi aya, pamwe nehama yedu—yedu pano, zvino, makandinzwa ndichiparidza pamusoro pe*Mbeu YeNyoka*, zvino izvozvo hazvigone kurambwa. Zvakazarurwa mune chimwe cheZvisimbiso zviya Zvinomwe. Zvaive zvakananzwa.

¹²⁴ Zvino kana vana vakakura vari pasi pemhando yakadaro, munoono, pasi pemhando yakadaro yedzidziso, ndizvo zvaiva vabereki vavo, vane hunhu hwevabereki vavo, masangano avo, nezvakadaro, vanotofanirwa kutenda zvakanaka. Munoono, vanotenda zvakanaka nokuti vakaberekwa pasi pemubereki iyeye. Asi nhasi hatina kuberekwa pasi pemubereki iyeye; Mubereki wedu iShoko. Uye Shoko...“Zvakanaka,” unoti, “Ndakaberekwawo pasi paMwari, zvakanaka.” Wezera iroro.

Asi rino ndiro zera repanhongonya, ndiro zera riri mberi kwemasangano.

¹²⁵ Kwakatzouya, kunofanira kuuya; Mwari akazvitemera kudaro, kuti kunofanira kuuya, izvo zviSimbiso Zvinomwe zvinofanira kuzarurwa. Zvaifanira kuitwa muzera rino reRaodhikia. Zvino ndinofunga, pasina kana mumvuri wekupokana...Kwete sekudada; hatidade, kunze kwepana Jesu Kristu; hapana mumwe wedu. Tinongodada naJesu Kristu. Asi tinotenda ne...kwerombo rakanaka rokuziva kubudikidza ne...pasina mumvuri wekupokana, Mwari vakatisarudza mumazuva ano okupedzisira, uye vakazviratidza nezviratidzo muMatenga nepasi; uye chimwe nechimwe chazvo chichidzoka kuShoko, kuratidza kuti ndizvozvo, zera rino ratiri kugara mariri, Mharidzo nezvaIri. Hatisi chinamoto chakatsauka. Hatisi boka revanhu vanongopengereka. Tiri varanda vaMwari, vakadanwa neMweya Mutsvene. Muchanamirwa pamuri mazita akasiyana-siyana, asi izvozvo hazvireve kuti ndizvo zvazviri.

¹²⁶ Zvino rangarirai, mwanakomana waSatani aiva Kaini. Zvino ndinofunga kuti makateerera matepi ose, ayo, ndinoona malibrary enyu kunze uko, anawo. Zvino rangarirai kuti Evha akapihwa pamuviri naSatani, uye muzuva rimwe chetero...Tine nyaya yakadaro zvino kuTucson, kuti mumwe mudzimai, kuti akava...akararama nevarume vaviri, anogona kubara mhando mbiri dzevana dzakasiyana. Tinozviziva. Ndakazviziva pakuberekesanisa imbwa nezvinhu, nezvimwe zvakadaro, zvikaitwa pakarepo.

¹²⁷ Saka Satani, mangwanani iwayo zvichida, akasangana newakaipa uyu, uyo aiva nyoka; kwete mhuka inogweshwa nedumbu, asi mhuka; ine hunyengeri kudarika zvoze, ine mano, yakachenjera, kudarika mhuka dzose, iyo ichitevera munhu. Zvino munhu imhuka, pachake, uye isu tiri—isu tiri mhuka, tiri mhuka ine ropa rinodziya.

¹²⁸ Zvino—zvino Satani ndiye aiva chibatanidzo chaitevera pano, nyoka iyi, ndiyo chinhu chaitevera kumunhu, kubva pachimupanzi, inowanika pakati pemunhu ne—nechimupanzi. Zvino sainzi iri kutsvaka chibatanidzo ichi chiri kushaika. Zvino zvakanyatsovanzwa nokudzikiswa kwayakaitwa pasi, uye hamuna kana bondo rimwe riri mairi rinoratidzika seremunhu, munoona, kuiita mhuka inofamba ichigweshwa nedumbu.

¹²⁹ Zvino, tinoona iye zvino, kuti muchinda uyu akawana Evha mubindu reEdheni, uyu mudzimai muduku akanga asingazivi chivi, akanga asingazivi kusasimira kwake. Zvino iye aiziva. Aiva murume akangwara, aine hunyengeri, akachenjera. Zvino akaudza mudzimai, “Mbeu, mu—muchero waive wakanaka uye uchidikanwa,” uye...paakararama naye mangwanani iwayo.

¹³⁰ Zvino zvadaro, munoona, zvino, masikati acho, akatsvetera Adhama kuti vaite zvimwechetezvo, achimuudza zvazvaiva.

¹³¹ Zvino Adhama nebwone, achiziva kuti akanga asina kufanira kuzviita, akaenda nemudzimai wake ndokuita chinhu ichi. Icho, pakupedzisira akanga achazongosvika pakuzozviita. Asi, munoona, zvainge zvakafanira kuva saizvozvo, huchenjeri hwaMwari, nokuti izvo zvino, ndizvo, zvinoratidza hunhu hwaKe hwekuva Muponisi, Baba, Mupodzi. Makambondinzwa ndichizviparidza, munoona. Zvino dai izvozvo zvakange zvisina kuitwa . . .

¹³² Akangovasiya kunze ikoko vaine kodzero dzekuzvisarudzira, kuti vaite. Haaigona kuvaita kuti vazviite, zvino iye oramba akarurama. Asi aigona kuvaisa pachinzvimbo chavakaenzana naYe, uye vaine kodzero dzekuzvisarudzira, zvino ndokuvarega kuti vazviite ivo voga. Zvino Aiziva kuti vaizozviita.

¹³³ Zvino saka zvadaro, munoona, apo Adhama paakararama naye, akabereka mapatya. Zvino mumwe wavo aiva waSatani; uye mumwe wavo aiva waAdhama, uyo aiva waMwari. Kaini naAbheri.

¹³⁴ Zvino izvozvo zvinoitika. Tine nyaya uko kuTucson zvino. Mu—mudzimai wechichena akararama nemurume wake mamwe mangwanani, zvino masikati iwayo akararama nemurume wechitema. Zvino mumwe wevakomana vadiki . . . Pakaberekwa vakomana vadiki vaviri. Mumwe wavo akanga ari wechitema muduku ane vhudzi rakamonana, uye mumwe wacho mwana ane mu—musoro une vhudzi dzvuku, akarurama pachiso zvikuru. Zvino—zvino, fungai zvino, ari kuedza kuti baba vechichena vachengete vana ava vari vaviri. Zvino murume akati, “Ndichachengeta wangu, kwete weuyo. Regai murume wechiTema achengete mwana wake.” Saka, muri kuzviona, ndezve chokwadi.

¹³⁵ Panogara nguva dzose paine mapatya. Zvino ndicho chikonzero . . . Musakanganwe izvi, boka duku. Chechi mumazuva okupedzisira ichange iri mapatya, “dziri pedyo zvokuti zvichanyengera Vasanangurwa . . .” Mateo 24:24, munoona. Chechi ichazo . . . Kufamba kwechiPentecosti. Zvakanyanya kufanana nezvechokwadi, kusvika pokugona “kunyengera Vasanangurwa dai zvaikwanisika.” Zvino pamberi apo, ndikawana mukana, ndiri kuda kutsanangura, kuti kusanangurwa kunouya sei. Munoona, zvichavanyengera nokuti zvakada kuita sechinhu chimwe chete. Munoona, vanongori vanababa vaviri, ndizvo zvoga; amai vamwe chete, chechi imwe chete, kufamba kumwe chete, chinhu chimwe chete. Nzvimbo yekudyarira imwe chete, pachopano Shoko; asi mumwe wavo, sepano, akatsveyama. Manzwisisa? Itai “ameni” kana manzwisisa. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munoona, mumwe wavo akatsveyama, nokuti ndewababa vasiri ivo. Ndizvo, zvandicharatidza rimwe zuva, kana Mwari vakanditendera, kuti sangano munembo wechikara. Munoona,

ndibaba vasiri ivo, asi kumutsira vanhu kusangano panzvimbo yekuShoko. Munoono, ndibaba vasiri ivo. Kufamba kwaKaini.

¹³⁶ Ndikanga ndaenda kumba rwendo rwuno, ndiri kunoparidza nezvechidzidzo, *Muhwezwa WeNyoka*; chikara chepakutanga, nechikara chekumagumo; zvino kwava kumuronda nemuBhaibheri, nokuzoratidza kuti anozogumirepi. Maona? Zvino imi mose munozozvinzwira pafoni, muri kuona, kana Ishe vatitendera kuzviita. Zvino chingotarisa muone kuti muchinda uyu akachenjera zvakadini, kuti angori chaizvo izvo... Zvakanaka, vakangofanana naJudhasi naJesu ipapo, dziri hama mbiri murudzi rwavo, sezvakangoita Isau naJakobho. Uye—uye segu—gunguwo nenjiva, zvigere pamuti mumwe. Zvino zvinhu zvose mapatya, mu—muhondo huru iyi yatiri mairi.

¹³⁷ Muvengi anoshandisa hunyengeri, sezvaakaita kuna Evha, “O, ko Mwari akati? Zvirokwazvo, asi—asi zvirokwazvo...” Maona?

¹³⁸ Munoono, kuedza kushandisa njere kudarika zvakataurwa naMwari pakutanga, “Uchafa!”

¹³⁹ Akati, “Hongu, Mwari akaZvitauro, asi zvirokwazvo...” Munoono pfapfaidzo pamusoro pazvo? Maona? Asi Mwari zvaanotaura, Mwari anozvichengetedza, haAtombodi rubatsiro kubva kuna Satani. AnoZvichengetedza. Saka, musambofa makanyengerwa naizvozvo. Zvino tinocherechedza, zvino, kuti zvakabereka zverudzi rwazvo. Zvino muna Genesi pano, tinozviona, mushure mokupfapfaidza iyi chepfu yezivo.

¹⁴⁰ Zvino, sainzi izivo. Uye zvose zvatinongonzwa ndezvokuti: “Sainzi, sainzi, sainzi, sainzi.” Chidzidzo chikuru muchikoro: Sainzi! Nhasi, motokari iri nani, *ichi* chiri nani, musha uri nani, imba iri nani, *ichi* chiri nani, *icho* chiri nani. Tiri kuitei? Tiri kufa, nguva dzose. Takagadzira motokari, ndokubva tarega zvokufamba; kurega kufamba, tinoshanduka kuva vanhu vakangofuta. Zvakanaka, hatichisina varume zvino; tangove nembodza. Ndizvo chaizvo.

¹⁴¹ Uye mudzimai, zvoga zvaanoita, kukanda nguwo, zvino zvadaro [Hama Branham vanorova zvinyoro pamusoro pechimwe chinhu—Mupepeti.] odzvanya bhatani, hezvo zvino. Apo, amai vako vaifamba kuenda kuchitubu, vachinotakura mvura, nekutema huni, vofashaidza mvura muketero pamwe panhu, zvino—zvino vosuka nhumbi dzavo saizvozvo. Zvino isu tave depfetepfe, kana vakazviita, zvinotiuraya. Asi, hapana zvatinogona kuifa, ndiro zera ratigere mariri.

¹⁴² Kana sainzi inoti zvino, kuti, “Vasikana vadiki vave kusvika panguva yekuguma kubereka, madzimai madiki vane makore ari pakati pemakumi maviri nemakumi maviri nemashanu okuberekwa.” Ndinosangana navo mumitsara. “Kuti varume vadiki vanopfuura makore epakati pohupenyu, pakati pemakore makumi maviri nemakumi maviri nemashanu

okuberekwa.” Amai vangu..Mudzimai wangu akadarika, zvingaita sepamakumi matatu nemashanu kusvika makumi mana. Amai vangu vakadarika, kubva pamakumi mana nemashanu kusvika makumi mashanu. Munoono here kuparara mumazuva ano okupedzisira. Nechikonzero chei? Tiri kunyanya kushanda nesainzi.

¹⁴³ Makore zana nemakumi mashanu emakore apfuura, nzira yoga iyo munhu aifamba parwendo kwaive kufamba nebhiza kana netsoka. Iye zvino ave kuenda nendege yerudzi rwejeti, potse-potse kuenda sepfungwa. Munoono, zvakaitwa nesainzi, zvino ndezvadhiyabhore. Zvino iwe unoti, “Ndizvo, Hama Branham?” Hongu, changamire.

¹⁴⁴ Ngatitorei Genesi zvino, 4.

Ipapo Kaini wakabva muhupo hwaShe, . . .

¹⁴⁵ Zvino cherechedzai chinhu chokutanga chaakaita. (Munditaurire pamunofunga kuti tave nezvakakwana pano, nokuti ndichaguma neizvozvi pose-pose.) Munoono, “Kaini wakabva muHupo hwaShe.” Ipapo ndipo paakakanganisa. Uye ipapo ndipo pauchakanganisa, uye ipapo ndipo pandichakanganisa, nguva iyo patinofamba kubva muHupo hwaMwari.

. . .Kaini akaenda. . .kubva muhupo hwaShe, akandogara panyika yeNod, kumabvazuwa kweEdheni.

¹⁴⁶ Munoono kuti zvaiva zviri zvekunamata zvakadini, akapoterera kune divi re “Kumabvazuva”, divi reKumabvazuva.

Kaini akaziva mukadzi wake; akatora mimba, akapona Inoki: uye Inoki akavaka guta, (Munoono, budiro yehungwaru), akavaka guta, akatumidza zita reguta, zita romwanakomana wake, Inoki.

Zvino . . .Inoki akabereka Iradi: naIradi akab- . . . uye Iradi akab- . . . [Chibenga patepi—Mupepeti.]

. . . akazvitorera vakadzi vaviri: zita romumwe rainzi Adha, zita romumwe rainzi Zira.

Adha akapona Jabhari: uye . . . baba wevanhu vaigara mumatende, neavo vane zvipfuwo.

Zita romunin'ina wake raiva Jubhari: (Ndinofunga, J-u-b-h-a-r-i) iye waiva baba. . . wevose vanoridza rudimbwa nemarimba. (Munoono, mumhanzi; sainzi, munoono, zvichitanga.)

Zvino Zira, . . . wakaponawo zvakare Tubhari-kaini, murairidzi wewese m-u-g-a-d-z-i-r-i wendarira nedare: (nemamwe mashoko, zvakaita sekuumba, kuzvibanidza pamwe chete), hanzvadzi yaTubhari- . . . Tubhari-kaini yaiva Naama.

Zvino Rameki akati kuvakadzi vake, Adha naZira, Inzwai inzwi rangu; imi vakadzi vaRameki, tererai zvandinotaura: nokuti ndauraya munhu unondikuvadza, uye nejaya rinondipwanyana.

Kana Kaini achatsiviwa kakapetwa kanomwe, zvirokwazvo Rameki makumi manomwe . . . zvakapetwa kanomwe, kana zvakapetwa kanomwe.

147 Zvino cherechedzai, pavakangoenda vachibva muHupo hwaShe, vakatanga kuvaka maguta, vakatanga kungadzira zviridzwa; vakatanga kuita zvesainzi, vachigadzira ndarira nedare, no—nokuridza mumhanzi, nezvose. Maona? Maona? Zvino zvakabvepi? Ndiani akabuda? Kaini, mbeu yenyoka. Mazvinzwisisa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kaini akaenda. Zvino, cherechedzai, akaenda achibva muHupo hwaShe, zvino ndokutanga kushanda nezvesainzi.

148 Zvino tarisai paachiri kushanda ari, munoona: sainzi, dzidzo, maguta, tsika dzemagariro. Ndezvadhnyabhorosi. Ndiani akazvitanga? Ndidhiyabhorosi. Ndezvaani nhasi? Dhiyabhorosi. Mabhambo eatomiki nezvimwe, ekutiparadza nawo. Tinorarama mazviri. Tinofanira kugara pano. Tiri vanhu, tinofanira kugara pano. Asi budiriro yaMwari ichange isina chimwe chezvose izvi mairi. Maona? Zvino sainzi iri kutora—iri kutora zvinhu zvepanyama yozvitsveyamisa kuti zvigoita zvinhu zavzisingafanire kunge zvichiita.

149 Uye ndizvo zvakaite chinamoto chesainzi! Chinotora Shoko raMwari chogadzira chechi yesangano kubva pariri, panzvimbo yokuti igoita zvainofanira kunge ichiita.

Vanoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.”

Bhaibheri rakati, “Iye ndiye mumwe zero, nhasi, nokusingaperi.”

“Hakuna chinhu chinonzi kupodzwa nesimba raMwari.”

150 “Endai munyika yose, munoparidza Evhangeri kuzvisikwa zvose. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda: MuZita raNgu vachadzanga madhimoni; vachataura nendimi itsva; kana vakabata nyoka, kana kunwa zvinouraya, hazvivakuvadze; vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Ani? Zvino, kundudzi dzose, munhu wose, chisikwa chose! “Tarirai, Ndinemi, kunyange kusvika kumagumo enyika, kumagumo kwe—kwenyika *kosmos*, zvinhu zvose, kuguma kwekuzadzikiswa kwemagumo.” Atoripo zvekwazvo!

151 Zvino, onai, vanotora sainzi, voti, “O, zvakanaka, chero tichiungana pamwe chete pamwe nekujoinha chechi, zvino tobva tava *zvakati*, kana kuti nhengo yakanaka yakarurama. Tinobhadhara zvedu . . .”

152 Munoona, ha—hazvisi zvokuti, “O, hakuna chinhu chakaite saMwari.” Makanzwa tepi yangu pamusoro pavanakristu

venhema mumazuva okupedzisira. Munoono, kwete vanaJesu venhema (Satani aiziva zviri nani kudarika izvozo, munoono), asi ndavanakristu venhema. *Kristu* zvinoreva “muzodziwa.” Uye vakazodzwa zvezmazvirokwazvo, vakazodzwa (nechi?) Mweya Mutsvene, kuita mashura nezviratidzo. Uye vanozviita.

¹⁵³ Asi, onai, kana zvasvika zasi zvino, tave muzera rokupedzisira, kwete shure uko muzera rePentekosti. Tave neche kuno muzera rokupedzisira. Zvino zera rokutanga rakatanga neShoko, aiva Kristu. Uye zera rekupedzisira rinofanira kuguma neShoko, anova Kristu. Zvino zvimwe zvinhu zvose izvi, makwande nezvimwe, sekutsanangura kwandakaita, zvinongori vatakuri veShoko, kuita basa razvo kusvikira Yasvika pachimiro chakakwana, munoono, chezvaiva mbeu yepakutanga.

¹⁵⁴ Zvino ndima ya 25.

Zvino Adhama akazivazve mukadzi wake; akabereka mwanakomana, akamutumidza zita rinonzi Seti: nokuti wakati, Mwari, wandipa imwe mbeu panzvimbo yaAbheri, zvaakauraiwa naKaini.

Zvino kuna Seti...Zvino kuna Seti, kwaariwozve kwakaberekwa mwanakomana; akamutumidza zita rinonzi Inosi: zvino nenguva iyo vanhu vakatanga kudana pazita raSHE.

¹⁵⁵ Maona mapindiro akaita mbeu yenyoka musainzi, dzidzo, maguta, nemumimhanzi, nezvinhu zvikuru, nedzidzo, nesainzi, nezvimwewo zvakadaro.

¹⁵⁶ Asi mbeu yeuyo wakarurama, ndizvo zvayaive... Munoono, Evha akanga asina mbeu. Munozviziya. Mudzimai haana mbeu, munhukadzi. Ane zai, asi kwete mbeu. Asi mudzimai...akamupa, mbeu, munoono, akapiwa nokupa kwaMwari, mudzimai akatora mbeu. Zvino Mbeu huru, handiti, kubva kumudzimai, ndeiyo yakapiwa naMwari. Munoono, Mwari akamupa imwe mbeu pachinzvimbo cheuyo akauraiwa naKaini; uyo, mhandu, rufu, mbeu yenyoka yakauraya mbeu yaMwari, mukutsveyamisa ikoko, munoono. Mwari akapa, nemumudzimai, Mbeu, anova Kristu, munoono, kuunzazve mbeu yepakutanga. Murikuiona? Zvino munoono kuti kutsveyamisa kwakaunza rufu kubudikidza nedzidzo nehuchenjeri, hwatinoti nhasi, sainzi nezvinamato, nezvimwewo, zvakaunza rufu. Asi mudzimai...akamupa, mbeu, zvino napo vanhu vakatanga kudana paZita raJehovha, vakatanga kudzoka kuShoko zvakare. Maona?

¹⁵⁷ Zvino rangarirai, teverai mbeu iyi, patichaironda mumavhiki mashoma, panyoka iyi. Mukazvitevera, zvinofamba nemumaGwaro. Zvicherechedzei. Mizambiringa miviri iyi inokura pamwe chete, sekunzwa kwamakaita Mharidzo yangu ye “muzambiringa.” Zvinokura pamwe chete, uye zviri pedyosa zvokuti zvinotoda kunyengera vasanangurwa,

dai zvaikwanisika, mumazuva okupedzisira pazvinosvika kumusoro. Inobereka mbeu yakaita segorosi, asi haisi gorosi, munoona, haisi. Chikwande, bedzi.

¹⁵⁸ Zvino, chionai apo: budiriro yehungwaru, dzidzo... Ndinofunga ndichine mamwe Magwaro gumi, muri kuona, akanyorwa pasi pano, asi ndinofunga kusapfuura naimomo. Asi tinonzwisisa kubudikidza neizvi, kuti dzidzo, sainzi nebudiriro yehungwaru, ndezva dhiyabhorosi. Ndizvozvo. Hazvisi zvaMwari. Ndezva dhiyabhorosi. Zvino, handisi kuti hamufanire kunge muinazvo. Kwete, handizvo. Pamberi apo, ndinogona, tichazviratidza; kuti Mwari . . .

¹⁵⁹ Sezvamakangoita kupfeka nguwo, imi madzimai, isu varume. Takanga tisina kufanirwa kupfeka nguwo, pakutanga. Asi, munoona, nokuda kwekuti tinorarama muzera ratiri, tinofanira kupfeka nguwo, munoona. Zvakafanira kwatiri kuti tidaro. Tinofanira kudzipfeka. Asi pakutanga, hataisungirwa kuzviita, munoona, nokuti takanga tisingazivi chivi. Asi iye zvino tinofanira kuzviita.

¹⁶⁰ Iye zvino tinofanirwa kuva nemotokari. Iye zvino tinofanira kuenda kune dzimwe nzvimbo tichishanya, nezvakadaro, nemotokari nesainzi, nezvakadaro, asi hazvisi zvaMwari. Hazvisi zvaMwari. Dzidzo, asi zvaka . . .

¹⁶¹ Chimiro chedzidzo, budiriro yehungwaru, sainzi yaMwari, chiri muchinhano chacho chepakutanga, munoona, zvinopfuurira mberi kweizvi zvatiri kuita.

¹⁶² Zvino tarirai, vanotora zvimwe zvinhu vobatanidza zvimwe zvinhu, zvogadzira mushonga unoparadza. Zvino zvisiyei panzvimbo yazvo chaiyo, zvinenge zvakanaka; chizviisai pamwe chete, zvose zvinokanganisika. Maona? Munoona, zvinounza rufu.

¹⁶³ Zvino ukaedza kutora Shoko raMwari woRiisa muchinamato chenyika ino, unozviunzira rufu. Zvinouraya ari pasi pazvo. Murikuona zvandiri kureva? Zvinouraya munhu wacho. Unoti, “Zvakanaka, zvino tarira, unotenda muna Mwari.”

“O, zvino, hausungirwe kutenda *izvo*. Kana iwe—iwe—iwe... chechi yedu.” Pakarepo, ndiko kuputika kunouraya—kunouraya munhu wacho.

¹⁶⁴ Unofanira kuti zvinhu zvose zviwire parutivi, wotora Shoko roga. Gara neShoko iroro. Usabve. Kana Mwari vazvitaure, ndizvo chaizvo zvazviri. Handina basa nezvinogona kuratidzwa nedzidzo.

¹⁶⁵ Mumazuva aNowa, vaikwanisa kuratidza kuti kwakanga kusina mvura mumatenga. Asi Mwari akanga ati kune yakanga ichazouya, zvino yakauya. Ndizvozvo.

166 Vanoti nhasi, “Hakuna moto kumusoro uko, uchadonha.” Asi tarirai uchidonha, rimwe zuva. Uh-huh. “Ko tichaita sei *zvakati* nekuita *zvakati*?” Tarirai Mwari achizviita. Achazviita. Akati zvichazviita.

167 Zvino mbeu iyi ine paichabaturira. Mwari ngaarumbidzwe! Chinhu choga chaAri kutsvaga, nhasi, inzvimbo yekudyarira, pane imwe nzvimbo paInogona kudyarirwa.

168 Inotangira mune mumwe munhu, zvino vanoItsveyamisa, nokuipfapfaidza sezvaakaita kuna Evha. Yakatanga muna Evha, kuti aitakure nokuzobara vanakomana vaMwari, kwete vanakomana vaSatani. Asi aiva nzvimbo yekudyarira, zvino ndokuwira panzvimbo pasiri ipo. Naizvowo Shoko rinowira mune asingatendi, kana mupokani, kana mutsoropodzi. Rinogadzira nhengo yechechi kubva kune ivavo, asi kwete mwanakomana kana mwanasikana waMwari. Ukavaudza kuti varege vhudzi ravo richikura; vanokuseka pamberi pako. Ukavaudza kuti itai *izvi* kana *izvo*, kana varume kuti vazviite, vanokuseka pamberi pako. Havasi vanakomana vaMwari. Haisi iyo chaiyo nzvimbo yekudyarira, asi zvisinei vakatakura Mbeu. Maona here vazodziwa venhema? Vakazodzwa, Hongu, neMweya Mutsvene, vanotaura nendimi, nokuita mashura nezviratidzo; asi ndezvaSatani.

169 Jesu akati, “Vazhinji vachauya kwandiri nezuva iroro, vachiti, ‘Ishe, Ishe, handina here kudzinga madhimoni, ne—nekuita mabasa nemashura makuru, anoshamisa muZita reNyuu?’” Akati, “Tbvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama.”

170 Chii kusarurama? Dhavhidha akati, “Kana ndikavanza kusarurama mumoyo mangu, Mwari havandinzwi.” Maona?

171 Kusarurama chinhu chaunoziva kuti unofanira kuchiita zvino worega kuchiita. Unoziva zviri nani, asi hauzviiti. Kusarurama, munoona. Munoziva kuti unofanira kugara neShoko raMwari, asi nokuda kwechechi, kana nokuda kwemumwe munhu, kana chimwewo chinhu, unotetereka kubva paShoko raMwari woita zvinotaurwa nesangano. “Zvakanaka, handizivi. Chechi yangu inoti tinofanira kuzviita nenzira *iyi*, uye ndinozvitenda nenzira *iyi*.”

172 Munoona, zvino zviri chaipo pamberi penyu kuti hamufanire kuzviita. Ndiko kusarurama. “Tbvai kwaNdiri, imi munoita zvisakarurama.”

173 Tarirai kune Mutsvene Pauro mukuru, muna I VaKorinde 13, akati, “Kunyange ndikataura nerurimi rwevanhu neNgirozi. . .” Zvino imi munoda, kana mumwe munhu angada, kubaturira pane izvozvo achiti ndicho chiratidzo cheMweya Mutsvene? Pauro akati, “Kunyange ndikataura nendimi sevanhu neNgirozi, uye kana ndisina rudo” serwamuinarwo mose pano pakati penyu, “Hapana zvandiri.” Maona?

¹⁷⁴ Unokwanisa kutaura nendimi, Hongu, nokuti Izvozvo iShoko. Muparidzi anogona kutora Shoko rino, agoenda mberi kunoRiparidza, uye agotaura Shoko, zvino Shoko racho rinokura. Asi muparidzi anogona kunge ari munyengeri, pachake. IShoko. Maona? Asi chisikwa chechokwadi chaMwari chinorarama chinotora donzvo rose, Shoko. “Munhu haangarami nechingwa choga, asi neShoko rose rinobuda.” Zvino ukawedzera chimwe chinhu kwaRiri, unowana chirimwa chakatsveyama.

¹⁷⁵ Kana ndikatanga pano negorosi, ndoisa tsi—tsine pamwe nayo, ndodzisanisa kuti dziberekesane, kana zvichikwanisika kubudikidza nemukume, zvino ndoisa imomo, ndinowana gorosi tsine. Maona? Inoratidzika segorosi, asi itsine. Hauli hupenyu hwechokwadi, haigoni kuzvibereka zvakare. Maona? Inobukira, asi haikwanise kuzvibereka.

¹⁷⁶ Dho—dho—dhongi rinogona kuberekeswa nebhiza gono, zvino rinobereka nyurusi, asi nyurusi iri harigoni kuberekazve rimwe nyurusi. Masanganiswa.

¹⁷⁷ “Regai Shoko rose ribereke zvafanana naro.” Munoono, rinogona kubereka kamwe. Uye chechi inogona kuuya sesangano, kamwe, asi haikwanise kubereka pachayo; inobereka rimwe sangano. Lutheran haikwanise kubereka imwe Lutheran; yakabereka Methodist. Uye Methodist yakabereka Pentecosti. Munoono, haigoni kuzvibereka, nokuti yakafa. Haikwanise kutanga rumutsiro. Ndekupi uko Mwari kwaakambotanga rumutsiro musangano? Tarisai munhorondo yenyu. Haana kumbozviita. Isangano rinoubwa mushure merumutsiro.

¹⁷⁸ Apo Luther, munhu waMwari, paakauya nemharidzo yekururamiswa, shure kwake kwakazouya chechi yeLutherani. Havana kuzogona kuvaka zvakare.

¹⁷⁹ Tevere Mwari akazotumira murume anonzi John Wesley, kwakauya rumutsiro mushuremo. Vakaitei? Vakagadzira sangano. Haraigona kuzviberekazve. Munoono, harigoni kubereka.

¹⁸⁰ Hareruya! Asi Shoko raMwari richagara nokusingaperi! Ndizvozvo. Richabereka zvakafanana naRo.

¹⁸¹ Hepanoi pouya muPentecosti, haakwanisi; onai zvarakaita, rakagadzira sangano. Harikwanise kuzvibereka. Vanogona kuva navana Oral Roberts nezvimwe zvose, munyika mose, harikwanise kuzviita. Rinoramba riri rudzi rumwero rwenyurusi. Harikwanisi! Hazvina basa kuti rinogona kubaiwa majekiseni mangani, richingori; kuti zviitiko zvingani zvepamweya zvainazvo, nezvose zvainazvo, ino... Imi, zvino mabve zera, munoziva zvandiri kutaura. Hazvina basa kuti varume vangani nemadzimai ariinano, nezvimwewo zvose, uye kuti vanun’unasikana vangani vainovaka kubva pano,

nemachechi maduku nemasangano, haikwanise kubereka rumutsiriro. Yopera basa. Yayambukira kunyika, ichibva kuShoko raMwari, zvino haichagona kuzviberekazve. Mwari achamutsa chimwewo chinhu otangisa kufambisa Shoko raKe mberi; uye kana chikaita sangano, chinofawo zvakare! Ndizvozvo. Hachigoni kuzvibereka, nokuti ndeche masanganiswa. Ndizvo chaizvo.

¹⁸² Tarirai pachibage chenyu chemasanganiswa nhasi, vanoti, “Ndicho chibage chepamusoro-soro.” Chi—chinouraya. Ndicho chiri kukuurayai. Hupenyu hwenyu hauna kugadzirirwa... Mitumbi yenyu haina kugadzirirwa izvozvo. Mitumbi yenyu yakagadzirirwa mbeu yepakutanga. Ndicho chikonzero vanababa navanaamai venyu, nevakadaro, vairarama nguva refu. Ndicho chikonzero vakanga vakasimbarara. Varume, vane makore makumi manomwe nemakumi masere, vakanga vakakwasharara vakasimbarara. Munoono, vairarama nezvinhu zviri sepamasikirwe. Cherechedzai madhara aya emumakomo kuno, vanorarama nekudya nondo ne—nembesa dzepakutanga. Isai munhu imo muno, muguta; heunoi wouya, zimunhu ziguru, zvingaite pamakore makumi matatu nemashanu, makumi mana okuberekwa. Dhebwedhebwe? Ichokwadi! Zvakanaka, ndabva pachidzidzo, handina here?

¹⁸³ Cherechedzai, asi ndiri kuedza kuzviunza kwamuri, ndiyo budiriro yehungwaru, zvatinoti tsika dzemagariro. Tsika, munonzwa zvakananda pamusoro pazvo. Zvino, makambonzwa here tsanangudzo yangu yetsika kuti yaiva chii? Murume asina zvivindi zvakanwana zvokuuraya tsuro, asi anogona kuzadza dumbu rake nayo mushure mokunge mumwe munhu aiuraya. Saka, ini, ndizvo ini—ini—ini—ini zvandinofunga nezvetsika, muri kuona. Izvo, ndizvozvo, munoono. Hatidi . . .

¹⁸⁴ Mwari haauye ne . . . Hazvisi kuita *tsika* kuti munhu ave muna Mwari. Hauite kuti ave *nebudiriro* kuti ave muna Mwari. Anobarwa, ari mbeu yaMwari, yakabva kuna Mwari, yagara iri Mwari, uye haikwanise kuva chimwe chinhu kunze kwaMwari. Hautiswe tsika kuti upinde maIri.

¹⁸⁵ Zvino, ane mhando yake yeEdheni, kubudikidza nembeu yakatsveyamiswa! Satani agadzira yake huru, Edheni yake huru zvino. Chii zvino? Tsika, sainzi, machechi akanaka, ane zviruvi zviri mudenga, vaparidzi vakanyatsotsetseka, dzidzo: “DA., D., Ph.D., LL.D., Chiremba weZvinyorwa, Chiremba weDzidzo yeBhaibheri, vanaChiremba!” Nguva yose paunozvitaure, ndiko kure kwazvinomuendesha kubva kuna Mwari, zvinomukandira nechekure chaiko. Uye ungoro haidi munhu anosimuka achishandisa mashoko okuti “rova, handizvo, senga, takura, nokutora.” Havadi zvakanada. Vanoda chimwe chinhu chakanaka.

¹⁸⁶ Ndicho chinhu chimwe chete chaiva naKaini mupfungwa dzake (baba wavo, pakutanga), akapirisa maruva nemichero

yenyika, apo Mwari akanga ari kuda chibairo, munhu aiva nechizaruro chaMwari: raiva ropa! Kwete peya, kana pichisi, kana puramu, kana zvaingadai zviri chii, kana, aprikoti, sokutura kwavari kuita zvino: iropa rakatibuditsa kubva mubindu reEdheni, ro—ropa rakasvibiswa, mudzimai akarega mbeu yemunhu asiri iye kuti idyarwe mumimba zvino ndokubva yazvitangisa.

¹⁸⁷ Zvino tinoona, kuratidza kuti Mharidzo iri munguva, izvo zvandiri kutaura nezvazvo kwamuri, kuzviratidza, tarisai mazuva okusanganisa mbeu nhasi, kuedza kugadzira chisikwa chakanaka zviri nani. Tarisai pakusanganisa. Tarisai muhupenyu hwezvinomera. Pano zhizha rapfuura. . .

¹⁸⁸ Manga muri muzhizha rino, ndimo, ndaiva ndiine ruva duku remusango (anga ari kundiratidza kunze uko maminiti mashoma apfuura, rauya mupfungwa dzangu), ruva duku iri remusango randaiva ndakaisa mumubhedha kuno, ndaitofanirwa kudiridza kanhu aka kaviri pazuva, kuti karambe kari kapenyu. Raiva remasanganiswa. Asi rakabva pane ruva duku reyero, rakasanganiswawo nezvimwe, kugadzira ruva iri.

¹⁸⁹ Zvino kamuchinda aka kainge kakamira kunze uko, pokuti, waigona kuchera mafiti gumi pasi usingambowani hunyoro kuti ugokwanisa kusvipa. Munoono, rakanga—rakanga—rakanga richingogara muguruva, uye rakanga rakangozvinakira, uye risingambodi zvokudiridzwa. Raiva repamavambo. Rakanga risiri remasanganiswa. Hapana chimwe chinhu charaive rakasanganiswa nacho, raive ruva rechokwadi.

¹⁹⁰ Zvino iri raiva rakasanganiswa nezvimwe, uchifanirwa kuridridza nekurichengetedza, nekuribata sekamwana. Maona? *Iri* hawaidaro; hapana tupukanana tunoenda pariri. Tinofanirwa kurifirita, nezvimwe zvole, kuachengetedza; uye nhunzi nenhata nezvimwe, zvigarire kure saizvozvo. Kana ukasadaro, zvinoauraya.

Hapana, nhata inoswedera pedyo naro!

¹⁹¹ O, ndiye muKristu chaiye, wechokwadi, akabarwa patsva. Unogona kumuedza nechose chaungada. Anoramba ari murume muKristu. Edza mudzimai kwese kwaungada, anoramba ari muKristu.

¹⁹² Mumwe mudzimai muduku anobva kune imwe yehama dzedu pano, vamwe vevanhu venyu, chechi yavo yakandinyorera tsamba rimwe zuva. Akati, “Baba havadi kuti ndiende kubaseball. . .kana mutambo webasketball, Hama Branham. Tinotenda. . .” Akati, aive nemakore gumi nemaviri okubarwa, akati, “Hama Branham, tinotenda kuti mune Shoko raShe, mune zvamuri kutiudza nhasi.” Akati, “Ndinenge ndinofunga kuti baba vari kukanganisa. Asi,” ndokuti, “zvamunotaura, ndichazvitenda.” Zvino, kasikana kadiki aka kanotapira, munoono.

193 Saka ndakafunga. “Zvakanaka,” ndikati, “mudikani, tarira kana uri muKristu, uri muKristu kwese-kwese. Zvisinei kuti uri kupi, unoramba uri muKristu. Asi,” ndikati, “unoona, kunhandare yebasketball, zviri kufungwa nababa, unonzwa vana vachitukurira vachienderera nezvakanaka. Ndichiri kutenda kuti unoramba uri muKristu. Asi, unoona, baba vatifambirei pamberi nehupenyu kudarika iwe. Uri kuona?” Zvino, ndakati, “Zvino iwe une makore gumi nemaviri, uye wati une munin’ina muduku, ane mana. Zvino anoda kuti iwe ucheke zvidhori zvemapapa. ‘O, ita hako, ini handina nguva yekucheka zvidhori zvemapapa.’ Unoona, iwe uri pamberi kudarika munin’ina wako muduku.”

194 Zvino ndipo panofanira kunge pariipo pane chechi nhasi, yati pfuurirei pamberi muShoko raMwari. Kwete Methodisti, Baptisti, maPentecosti, Presbyteriani; asi yave pamberi muShoko, kuva vanakomana nevanasikana vaMwari. Uh! Zvakanaka. Zvakanaka. Mharidzo iri kuratidzwa, panguva chaiyo.

195 Kubudikidza nesainzi, nesainzi dzake nekutsvagiridza, munoona, vaedza kutsveyamisa zvinhu zvose, vachigadzira imwe mbeu yakasiyana, vachigadzira chimwe chakasiyana, vachiita kuti chiwedzere runako.

196 Tarisai hanzvadzi dzedu. Ndambotaura munguva yapfuura, kuti vari kuratidzika zvine runako. O, unogona kuvamisa uko mumakwikwi emunyika nevana Gloria Swanson’s, kana vamwe veavo vanokumura nguwo pamwe nezvimwe imo muno muCalifornia, zvino vanozvipotsa nemamiriyoni emamaera. Asi zita ravo harisi mubhuku remukurumbira; riri muBhuku reHupenyu, munoona. Uh-huh. “Mweya munyoro wakazvininipisa ipfuma huru kuna Mwari.” Bhaibheri rakatura nezve—nezvemadzimai edu kuti “vazvishongedze nemweya munyoro wakazvininipisa, vachizviisa pasi pevarume vavo, nemuhunaku.” Ndicho chinhu chinokosha zvikuru pamberi paMwari. Maona? Ndizvozvo.

197 Kwete zvose izvi pano, ndizvo zvavakaita; ivo, Max Factor, yanakisa madzimai, rwekunze, rwuri rwaSatani. Zvinhu zvose izvi ndezvadhiyabhorosi. Manga muchizviziva here? Zvirokwazvo. Zvose ndezvadhiyabhorosi.

198 Zvino ndinorangarira mudzimai wangu muduku paaiva nerunako uye ari mudiki, akanga asingazori pendi kumeso. Kwete. Akauya, ndikamubhabhatidza muZita raJesu, paakanga achipfeka madhirezi anosvika pamabvi seizvi, munoona. Asi zvino ave kuchembera, akati, “Ndave kungopotana.”

199 Ndikati, “Unoziva, paunenge uchichembera, meso angu anoitawo achiwedzera kusaona. Ndinokurangarira sezvawaive, uye ndinorangarira pamwe nokuziva mumoyo mangu zvauchazenge uri rimwe zuva. Maona? Maona? Munoona,

nemweya wakanyarara wakanaka wamuinawo, Mwari achatisanganisa pamwe chete zvakare mhiri uko. Ndizvozvo, zvino hatizoshandurwi zvakare.” Saka sei . . .

²⁰⁰ Asi, munoono, mumazuva aNowa, apo vanakomana vaMwari vakaona vakunda vevanhu, kuti vaive nerunako, vakazvitorera vakadzi, kuva madzimai. Munoono, vanakomana vaMwari vakaona vakunda vevanhu, nokuti vaikwezva varume uye—uye vaipfeka saizvozvo. Ivo, vakachiva vakadzi ava, ndokuvaendera, munoono.

²⁰¹ Ndinotenda kuti imi vanakomana vaMwari makatarisa mberi kwezvakaaro, munoono, mazvigadziriro ari kuita madzimai. Maona?

²⁰² Asi chii? Zvine runako zvose. Ndezvemasanganiswa. Tora vamwe vavo, wovageza kumeso, ivo . . . hautozomboziva kuti unei. Maona? Uye ndizvozvo. Pamwe une hasha dzokurwisa muchina une saha, ne—nekushata, ne—nekunyadzisira, netsvina, uye nekumhanya-mhanya nevamwe varume.

²⁰³ Handina basa nazvo kuti, mudzimai wangu, ndi—ndinoremekedza kutendeseka mumudzimai upi zvake. Pandaiva mukomana muduku, ndaigaroti, “Kana mudzimai wechitema achida kunge akatendeka, ndaitorasikirwa nedonhwe rangu reropa rokupedzisira kuti ndimuchengetedze akadar.” Munoono, ndinoremekedza chinhu chakanaka, chinhu chakarurama. Ndaedza kurarama saizvozvo, hupenyu hwangu hwose. Ndakanga ndiri muduku ipapo, zvino ndakura, handina kumboshandura pfungwa dzangu napaduku pose. Maona?

²⁰⁴ Sainzi, nenzira imwe chete yakaitwa naEvha, ndizvo zvaakaitawo kuchechi, kumutsveyamisa. Akaita zviri muzano rake nhasi, kubudikidza nechechi yake yemasanganiswa, Edheni rake rechimanje-manje iro ratinano nhasi. Tiri kurarama muEdheni resainzi, Edheni raSatani, Edheni resainzi.

²⁰⁵ Kana muchida kuvhura kwazviri, muna Isaya 14:12. Ndicharitura kwamuri, kana muchida, kana muchida, 12 ne 14.

. . . Satani akazviudza iye omene, *Ndichazvikwiridzira kudarika Wokumusorosoro.*

Aizova nehumambo, hwekuti kana vana vaMwari vaizomunamata.

²⁰⁶ Zvino ndizvo chaizvo zvaakaita. Akazviita kubudikidza nechechi, zvinamato, semavambiro aakaita pakutanga, chinamato. Akazviita.

²⁰⁷ Uyewo sekuona kwakaita muporofita Pauro, mu II vaTesaronika chitsauko chechipiri, kuti anozoguma a—ave E . . . yake, Edheni huru yesainzi muzuva rino, mune zvesainzi, mune zvedzidzo pamwe nebudiriro yehungwaru. Uye akagadzira, pachake, uye zvichaguma zvave mumubatanidzwa wemachechi, uko machechi ose achamugwadamira. Uye

muri kuona zvazviri? Ndiwo iwo mweya wekunyengereka uri kushanda pakati pevanhu; vanakomana vaMwari, vakasikwa vari mumufananidzo waMwari; nevanasikana vavanhu, vakaumbwa muchimiro chemunhu; akavatora nenhema, sezvaakaita Evha. Zvino ndokuzvigadzirira, pachake, kubudikidza nemanomano ake esainzi pamwe nedzidzo netsika, kusvikira akazviwanira Edheni rechimanjemanje, resainzi, rerufu.

²⁰⁸ Apo, Mwari, kubudikidza neShoko raKe, akataura, zvino akange aine Edheni risina rufu; risina sainzi, risina dzidzo seyatinayo nhasi, kana kusina zvebudiriro.

²⁰⁹ Muri kuzviiona zvino, mazvinzwisisa? Munooona, zvino ave neEdheni rake. Tarirai, machechi ose anomunamata. Zvakaisa . . . VaTesaronika veChipiri pano, Akataura.

. . .munhu uya anozvidana kuti Mwari, *agere mutemberi yaMwari, . . .*

Uye vose . . .vari panyika vachagwadama pasi vomunamata, avo vane mazita asina kunyorwa mubhuku reGwayana . . .nyika ino isati yavambwa.

²¹⁰ Munooona, iEdheni rechimanjemanje. Zvino ari kuitei, iye pachake? Ari kuzvifambisa, Rhoma, nzvimbo yake huru yekudyira kokupedzisira, Edheni.

²¹¹ Makaona here pakauya papa kuno zuva riya? Makacherechedza here zvinhu zvose zvaive zviri gumi nezvitatu zvakaitika ipapo? Akataura mashoko gumi nematatu, akava negumi nevatatu vachitora chirairo, akataura muYankee Stadium, inova yegumi nenhatu. Zvinhu zvose zvaive nezvinhu gumi nezvitatu.

²¹² Uye nhamba yenyika yedu igumi nenhatu, inoonekwa muna Zvakazarurwa 13; mitsetse gumi nemitatu, nyeredzi gumi nenhatu, mbiru gumi nenhatu, manhamba gumi nematatu pamakobiri, nyeredzi gumi nenhatu pamakobiri, zvinhu zvose zvinenge zviri gumi nezvitatu, uye ari mudzimai.

²¹³ Heunoi papa wouya, musoro, kumudzimai; antikristu wenhema kumwenga wenhema, wesainzi. Apo, nyika yedu, yedu yeAmerica yenyika yekumabvazuva, kana kuti Nyika yeKumadokero, yatungamirira pasi rose, mune zvesainzi. Anouya kwairi, muchechi yake yesainzi, uye zvino vose maProtestanti vari kumugwadamira, munooona, pagumi nenhatu. Muri kuzviona? Zvinhu zvose zviri kuwanikwa zviri gumi nezvitatu. Nyika yedu yose, zvimwe zvose, igumi nezvitatu, nyika yemadzimai. Munooona, tave pano, tinayo. Yakashanduka kuva nyika yamadzimai mubindu reEdheni, asi ichava nyika yaMwari nerimwe zuva. Cherechedzai zvino.

Zvino, zvakare, vaporofita ava nezvimwe vakafanozvitaure.

214 Uye zvino zvose zvakare zvafanana nezvazvaiva Mwari asati afamba pamusoro penyika, yave nyonganyonga yezvemweya. Zvirokwazvo, ndizvo zvayave.

215 Pano cherechedzai Edheni rechipiri richifananidzirwa nepedyo nerepakutanga, kunyengera, potse kutora Vasanangurwa. Cherechedzai zvino, izvozvo. Ndichange ndichienzanisa pano, kwemaminiti mashoma. Zvino ndave kuchizofanira kumira, nokuti dzave eleven o'clock, saka zvino teererai. MaEdheni maviri aya, kuti iri Edheni rakaedza kufananidzira, chaizvo sezvakaita Satani pakutanga, kuna Evha muEdheni chairo, Edheni rokutanga. Ingoacherechedzei, achifananidzwa pamwe chete zvino. Munoono, tazvibata, zvino munhu wose ari kunzwisisa zviri pachena, Edheni resainzi ratiri kugara mariri. Maona? Zvino, rakanga risiri Edheni raMwari.

216 Edheni raMwari hariuyi nesainzi, dzidzo, tsika. Rinouya kubudikidza neShoko, munoono, kudana zvinhu zvose izvi sokunge zvisipo. Uye cherechedzai, mubindu reEdheni. . . Regai tingoanzanisa zvisihoma. Zvino cherechedzai.

217 Murume nemudzimai wake (musoro we. . . mubindu reEdheni), vaviri vakanga vasina kusimira uye vakanga vasingazvizive. Ndizvo here? MuEdheni raMwari, vaviri vakanga vasina kupfeka uye vakanga vasingazvizivi.

218 Iye zvino havana kusimira zvakare uye havasi kuzviziva, Zvakazarurwa 3, Zera reChechi yeRaodhikia.

Nokuti iwe. . . hauna kusimira, unosuwisa, uri murombo, unosiririsa, uri bofu, uye hauzvizive.

219 Zvino, muEdheni yaMwari, vakanga vasina kupfeka uye vasingazvizivi. Iye zvino muEdheni raSatani, kubudikidza nesainzi nedzidzo, havana kupfeka zvakare uye havazvizivi. Kutsveyama kwakadini!

220 Tarisa nhasi. Tarisa murume, ari kuedza kupfeka nhumbi dzemudzimai wake dzemukati; zvino iye ari kuedza kupfeka nguwo dzemurume. Uye murume ari kuedza kuti vhudzi rake rikure seremudzimai; uye mudzimai ari kudimura rake seremurume. O, o, o, ini zvangu! Murume achiedza kuva semadzimai, madzimai achiedza kuva somurume, kutsveyama!

221 Ndizvo chinhu chimwe chete chiri kuitwa nechechi, chinhu chimwe chete, Zera reRaodhikia. Cherechedzai.

222 Chikonzero sei vakanga vasiri kuziva kuti havana kusimira, pakutanga, paiva nechifukidzo cheMweya Mutsvene chaivafukidza kubva pakusapfeka. Vakanga vasingazvizive. Mweya Mutsvene wakanga wakabata meso avo, hapana chimwe chavaiona kunze kwehama nehanzvadzi yavo, munoono. Mirairo, vakanga vasingazive kuti havana kupfeka. Mweya Mutsvene!

223 Iye zvino mweya wekusarurama, nehutsvina neruchiva, wavafukidza; dzidzo, sainzi, “Handiti, ndezvesainzi. Kupfeka zvikabudura, unotonhorerwa zviri nani.” MaIndia anokudzidzisa zviri nani kudarika izvi. Vanozviputira mugumbeze, kuti vatonhorerwe, munoono, uye vanotoafuka. Munoono, dzidzo yanyatsodzoka panguva yokuti, chinhu chaicho chavanofunga kuti chakavaunza kutsika nebudiriro, chavadzosea mukusaziva zvakare, kudarika zvavaive pakutanga.

224 Kuenda kuchikoro, dzidzo, tarisai zvikoro! Tarisai zasi kuyunivhesiti, umwe usiku, vamwe vakomana! Vana vangani vanobarwa nemadzimai echidiki ikoko, vemadzimai madiki pagore payunivhesiti! Mungafunga! Munoti, “Ava marara emunzira.” Zvino ivo vakomana, ivo “maparera makumi maviri nerimwe,” sokuvadana kwavanoita, vakapenda miromo, ne-nevhudzi repahuma rakachekererwa, rakagonyeswa mudenga nemarora rakaremba ipapo. Vanotaura kudaro. Uye vane huro dzakasviba, tsvina! Munoti, “Zvakanaka, anongori marara emunzira.” Ndizvo? Vana vanodzidza kuyunivhesiti.

225 Vakapinda pakudhakwa kukuru, umwe usiku. Zvino vakanga vasisave zvokuita, nokudaro, kuti vawane kunakidzwa. Zvino kunwa pamwe nehupombwe, nezvimwe zvakadaro, hazvina kuvakwanira. Vakapwanya mabhoto, ndokumhanyira kumusiwo wekumadzimai, ndokugogodza pamusiwo; vakauya, ndokuvarova kumeso naro. Ndokucheka ziso remumwe musikana rose kuribuditsa kunze, uye vakawanda vakaremadzwa zvehupenyu hwose. Munofunga kuti vangazvitaure zvakadaro? Kwete.

226 Vamwe vakomana vavo vaviri vaichovha vachikwira nokudzika nomugwagwa, zvino madzimai maduku maviri akaroorwa akanga akagara pa—pamasitepisi, zvino ndokutuka madzimai aya. Mapurisa ndokuvatora ndokuvavharira mujere. Mukuru wedzidzo akaendako. Zvino zvinhu zvose zviri kurarama neyunivhesiti iyi, ndiro basa roga ravainaro ikoko. Akati, “Ava vana vangu. Varegerei vaende.” Vakavarega vakaenda.

227 Hezvo izvo; budiriro yehungwaru, dzidzo, zvinotungamirira kurufu nenyonganyonga, negehena. Musateerere kuzvinhu izvozvo. Cherechedzai zvino.

228 Evha akangoita kakudongorera zvisihoma, kuti aone kuti nyika yakamboita sei. Munoziva, nguva dzakawanda, “Tinofanirwa kupfeka zvisihoma zveizvi.” Kana kuti, munoziva zvandiri kureva, kufanirwa kungodongorera zvisihoma, kuti uone. Zvino muna Mutsvene Johane kana . . .

229 Johane weKutanga 2:15, Mwari akati, “Kana uchida nyika kana kunyange rudo rwenyika, rudo rwaMwari harutombori mauri.” Zvinhu zviri kunze uko zvakafa. Wakadzingiswa,

wakagurwa kubva kwazviri. Haudi zvinhu zvemunyika, wakafa kwazviri. Zvakafa. Haudi chinhu hacho chakafa. Chakaora. Chinonhuwa. Ko chinhu chinorarama chingada sei chimwe chinhu chinetsvina zvakadaro? Ona, uri mupenyu muna Kristu. Shoko rinokuita mupenyu.

²³⁰ Ini zvangu, kana ndikazvifunga muzuva rino ratiri kurarama mariri, zvinonzi dzidzo! Hautombokwanisi kuenda papurupiti kunze kwekunge uine Dhigirii raChiremba, nezvakadaro.

²³¹ Zvinondirangaridza mumwe mufundisi wemasoja, imwe nguva, aibva kumawuto. Akati—akati, “Hama Branham,” (Maive mushure mekungopera kweHondo yePasi rose Yekutanga.) akati, mufundisi wemasoja akati, “sajeni akauya kwandiri ndokuti, ‘Mufundisi, munoda here kuenda neni kwairwirwa hondo, kunze uko kuArgonne,’” kunze uko kubva paLaSalle, Lorraine, France, munoziva. Zvino ndokuti, “Ndakaenda ndakananga kuArgonne Forest.” Zvino akati, “Akanga ari kuverenga huwandu hwemotokari dzenganunu dzakanga dzaputitswa.”

²³² Zvino ndokuti, “Aya aive mangwanani eEsta.” Akati, “Ndakanga ndichangopedza... ndikapfuura ndichifamba ndiina nesi, akanga ari kupa vakomana vakanga vakuvadzwa, ruva rerhozi rekuAmerica, munoziva, iro rinozivikanwa nemunhu wekuAmerica. Vakomana ava vakabata nesimba ruva iri, ndokutanga kuzhamba nokuchema, nokuti vaiziva kuti rakanga rabva kumusha.” Munoono, rakanga rabva kumusha.

²³³ Zvino ndiwo mafungiro andinoita pane zvatinoita kuShoko, munoono, kuRibata nesimba, “O Mwari!” Rinobva kuMusha, munoono.

²³⁴ Akati, “Ndakanga ndiri kunzwa kudumbirwa mumoyo mangu...” Akati, “Ndakaenda kunze ikoko ndikati... Zvino ke—keputeni akabuda kunoverenga huwandu hwemota dzehondo dzakanga dzaparadzwa, nezvimwe zvakadaro.” Akati, “Mweya Mutsvene wakati, ‘Enda uko kune dombo duku iro.’” Zvino akatarisa-tarisa kwese. Akati, “Vakakanda masitadhi nemweya wechlorine uyezve,” akati, “ndokupisa mashizha ose kubva pamiti. Hapana chinhu chipenyu chakasara, uye pano yaiva Easter!” Akati, “Yaiva Easter yakadini! Yaiva Easter yakadini, apo pakanga pasisina kana huswa pasi, pasisina kana!” Zvino ndokuti chimwe Chinhu chakakwezvera meso ake kune rimwe dombo. Akakudubura dombo iri, ndokuti, “Paiva neruva duku reEsta pasi paro, rakanga rakachengetedzwa pasi pedombo, neapo pose paiva nemweya wechepfu.” Zvino ndokuti, “Ndakafunga, ‘O Mwari, ndichengetei pasi peDombo reZvizvarwa, dzamara chepfu yose iyi yadarika, uye itai kuti nditungire seruva muNyika iyo iri mhiri.’”

²³⁵ Tinogona kumirira ipo pano, kana muchida, nokuti ndi—ndine zvakawanda pano, handisi kuzombosvika kwazviri,

zvakaDararo, munooNa, kuzvinhu. Saka pamwe ndinogona kudzoka zvakaRe ndozviunza kwamuri.

²³⁶ O, ndichangobva kupedza kuparidza rimwe zuva, “*Sefa YeMunhu Anofunga*,” mose makaZviverenga, munooNa, “inobuditsa kuravira kwemunhu mutsvene.” Fungai, hama. Chose chaunoita, funga! VaEfeso 5:26, imomo yakazvitaura.

²³⁷ Zvino takanga tambotaura, tataura nezveshoko rokuti *kutemerwa*, muri kuona, zvinogumbura vakawanda vavo. IShoko raMwari. Iye, Iye anorishandisa, “nokuti takatemerwa neShoko raMwari.” Nako, nemo ti...Kana wakatemerwa, handiti, zvinofanira kuitika, nokuti ndizvo zvazviri. Mwari, Mwari akakusanangura nokuti Aiziva zvawaizoita kubva pakutanga.

²³⁸ Uye musarega dhiyabhorosi achikupfapfaidzai nedzidzo nechepfu, nezvinhu zvakaDararo, “Unofanira kuva wechimanjemanje. Unofanira kuva *zvakati*.” Hapana zvimwe zvamunofanira kuva kunze kwekuva vanakomana nevanasikana vaMwari. Uye kana wakabarwa neShoko, unozviita. Cherechedzai pfapfaidzo iyi. Kana ukatora mbeu, mbeu yakanaka, woipfapfaidza, zvino—zvinoiuraya. Zvino pavanopfapfaidza zvinhu zvemasanganano pamusoro penyuu, zvinoparadza runziro yeShoko repakutanga. Kana vakakuudzai, “Munofanira kuita *zvakati*. Ko handiti, vamwe vasikana vanozviita. Vamwe varume vanozviita.” Musambozvitenda. Zvinoparadza runziro yaMwari yeShoko raKe pamuri. Munozviziva.

²³⁹ Magwaro emharidzo anoti, “Musazvifananidze,” kupfapfaidzwa, “asi shandurwai,” mbeu iri mamuri.

²⁴⁰ Vanhu vanhasi vanoita sokunge havatombotendi kuti kuna Mwari. Manga muchizviziva here? Vanoita saizvozvo. Zvino, handidi kuvadana kuti mapenzi, asi vanoita saizvozvo. Nokuti, maPisarema 14:1 inoti, “Benzi rakati mumoyo maro, Hakuna Mwari.” Haufanire kuti kune mumwe munhu benzi. Asi vanonyatsoita sokunge ndizvo zvavari, nokuti hava...Vanoita sokunge hakuna Mwari. Shoko rino haricherechedzwe.

²⁴¹ Onai, pano rimwe zuva, vakandidanira mune imwe kamuri kuti ndizoona...Billy Paul, ndinotenda, kana vamwe vavo, vakanga vati paiva nechirongwa che—chezvekunamata paterevhizheni.

²⁴² Isu hatina terevhizheni. Mumba mangu hamuzombofi makava nayo, kana. Asi paiva ne...Mukadzida, zviri kwamuri. Asi Mwari akandiudza kuti ndisazviite.

²⁴³ Zvino patakapinda, ndairenda kubva kune hanzvadzi iyi yakaisvonaka kumusoro uko, aiva neterevhizheni nokuti aitofanirwa kuve nayo kuitira kuti agokwanisa kurendesa imba yake. Zvino ndakavarega kuti vaone chirongwa

chezvekunamata, saka va—vakandidana vachiti paiva nekuimbwa kwedzimbo dzeEvhangeri.

²⁴⁴ Ungataure nezveboka ravanaRicky, ikoko nemaitiro avaiita, vachizviti vaimbi vedzimbo dzeEvhangeri! Zvaiva kushoreswa kwaJesu Kristu, kuona maitiro avainge vachiita, vachizvizunza, ne—nemagererwo echiRiki nezvose, munoziva. Kungo, zvaingo—zvaingoratidzika—zvingoratidzika sekunyomba!

²⁴⁵ Kaini akanga ari munhu akadaro, munamati chaiye, zvirokwazvo. Asi aiva nembeu isiri iyo maari, munooona, zvino nokudaro yakaunza mbeu yenyoka. Satani akanga afuridzira pamusoro pembeu yake yeEdheni, zvino ndizvo zvakabereka Kaini. Akaisa chepfu yake paiiri.

²⁴⁶ Iye, Kaini, aiziva kuda kwaMwari kwakakwana. Aiziva kuda kwaMwari kwakakwana. Kaini aikuziva. Sei? Asi, akaramba kukuita, akaratidza ipapo kuva mbeu yenyoka. Paakaona kuda kwaMwari kwakakwana, akakuramba. Akanga aona Mwari achisimbisa mharidzo yaAbheri. Akaziva kuti uku ndiko kwaiva kuda kwaMwari. Maona? Akaona Mwari vasimbisa mharidzo yaAbheri. Uye Mwari akati kudini kwaari? Zvino Akango, Akati, “Ita zvimwezvo, namata semunin’ina wako, zvino—zvino unoita zvakana.” Asi munooona, akaona kuda kwaMwari kwakakwana, asi akanga asingakude. Munooona, aida kuwedzera zvimwe zvinhu pakuri.

²⁴⁷ Zvino vadzidzi vebhaibheri vanoona Bhaibheri iri, vanoRiverenga, asi havadi kuZviita. Maona? Zvinoratidza mbeu yenyoka. VakaRiona richisimbiswa, uye zviri nyore pamberi pevanhu, asi zvinoita sokunge zvakanyatsoomera vanhu kuti vazvinipise kuShoko raMwari.

²⁴⁸ Hamuzviwaniwo here mose, kana muchitaura, imi madzimai, kuvasikana, nezvekuva nevhudzi refu, zvino vanoti, “Sei muine vhudzi refu?” Maona? “Sei marokwe enyu akasvika pasi, marefu?” Ukatanga kutaura navo, vanoita sokunge vanokufuratira. Handizvo here? Munooona, vanoiva kuti ndizvo chaizvo, kana mu—kana muine hudzimai mavari. Maona? Vanoziva kuti ndizvo chaizvo. Asi, munooona, havakwanise kuzvinipisa kwaZviri. Munooona, ndizvozvo.

²⁴⁹ Munooona zvakaita Kaini? Haana kugona kuzvinipisa kuShoko raMwari rakasimbiswa. Akazvitadza.

²⁵⁰ O, kana muPentecosti anoti, “Mwari ngaarumbidzwe! Hareruya! Ndinodimbura vhudzi rangu, uye ndinotaura nendimi!” Huh! Zvinobva zvangoratidza pakarepo kuti pane chakatsveyama, munooona, mbeu iri kubereka zvimwe zvakasiyana.

²⁵¹ Mbeu haikwanise. Mbeu yaMwari haikwanise kubereka mukadzi akagerwa vhudzi. Haikwanise kuzviita. Haitombokwanisi kuzviita, nokuti Bhaibheri rakadaro. Munooona, haikwanisi kuzviita. Kwete, changamire.

Zvino zvinoita sokunge zvakaoma kuzvininipisa kuShoko raMwari.

²⁵² Zvicherechedzei muna Genesi 4:6 ne 7, kungoverenga mamwe maGwaro pano. “Ita sezvaitwa naAbheri.” Akati, “Kana u—ukaona izvo munin’ina wako. . .” Akati, “Enda mberi unoita zvaitwa naAbheri, ita shumiro imweyo yakafanana neyaaita, zvino—zvino ndichakuropafadza. Kana ukasazviita, chivi chiri pamukova.” Zvino, *chivi* “kusatenda.” “Kana ukasaita sezvaitwa naAbheri! Waona kuti ndamusimbisa, nokumuita zvakanaka. Zvino kana ukasaita izvozvo, zvino zvinoratidza kuti—kuti chivi, kusatenda, chiri pamukova.” Maona?

²⁵³ Zvino nhasi vari kuona zviru kusimbiswa naMwari. Vanoona zviru kuitwa naMwari. Vanoona zvinhu zvose izvi zviru kuitika. Vanozviziva. Mwari ari kuratidza Zviratidzo zvaKe muDenga kumusoro pamwe nepano panyika, uye nezvinhu zvose izvi zvokaita saizvozvi, uye vanoona zviru kuitika. Asi havazviiti. Munoono, Satani, mbeu yenyoka; vakachenjera, vakabva kumaseminari, vakadzidza zvose, shoko rose, zvinhu zvose, kumira papurupita nemazvo, uye neshoko rose rinofanira kunge riri rakafanira, matauriro anofanira kunge akanaka, uye zvose zvinofanira kunge zviru izvo chaizvo. Maona? Ichokwadi, havakwanise kuzvininipisa, munhu akadaro. Munoono, havatombogoni kuzviita. Havazviiti. Havatombogoni kuzviita.

²⁵⁴ Zvino, “Kana zvisiri izvo, chivi chiri pamukova; kusatenda kuripo,” zvadaro akarega kuteerera nebwoni. “Zvino kana uchiziva kuita zvakanaka, worega kuzviita, kwauri chivi,” kana uchiziva chakanaka zvino worega kuchiita. Maona? Zvino akarega kuteerera nebwoni mushure mokunge Shoko rasimbiswa, zvadaro ndokuyambuka muganhu unopatsanura, zvino akadzingwa muEdheni paakauyambuka. Pane mutsetse wekuti ndipo paunogumira, zvino, kana ukapfuurira woyambukira kune rimwe divi, watova kunze. Munozviziva, handiti? Pane muganhu. Kana musingazvitendi, verengai vaHebheru 10:26. Ndiro Gwaro randanga ndiri kureva paya, munoono.

*Nokuti kana tichitadza nobwoni mushure . . .
tambogamuchira zivo yezvokwadi, hakuchine chibairo
pamusoro pechivi,*

²⁵⁵ Ndiyo Testamende Itsva. Ndizvo here? “Kana tikatadza nebwoni mushure mokunge tagamuchira Zivo yamakaparidzirwa, yamakaverengerwa, ikaratidzwa kwamuri; mushure mokunge taona zivo yeZvokwadi, zvino woenderera mberi usingatendi, nebwoni, hakuchina chibairo chechivi.”

*Asi . . .kungomirira tichitya . . .nokutsamwa
kunopfuta semoto, uyo uchapedza muvengi.*

²⁵⁶ Ndizvo here? Unokwanisa kuyambuka muganhu iwoyo. Sezvakaita vana velsraeri parwendo rwavo, vachipfuura nemurenje, Israeri yakaita zvimwe chete. Mushure mokunge vanzwa Mharidzo yaMosesi uye vachiona ichisimbiswa; vakateerera muporofita wenhema akati, “O, zvino onai, vana, tose takafanana. Tinofanira kuroorerana pakati pedu, uye tinofanira kuita *izvi*.” Zvino Mosesi akanga avaudza zvakasiyana, vakaona Mwari achizvisimbisa. Nokuti, Bharamu aita kunge munhu anokwanisa kuraira kudarika zvaiva Mosesi, munoona. Akanga abva kunyika huru kwaiva nevanhu vakuru, uye vakanga vakarongeka pamwe chete, nyika yeMoabhu, mawuto makuru, zvinhu zvikuru zvokuti vanhu venguva iyoyo vaitozvitya. Zvino hepanoi podzika muporofita achiuya, muporofita, muzodziwa, muzodziwa wenhema, munoona, akadzika achiuya kune uyo akazodzwa (tarisai kuti zviri pedyo zvakadini), zvino ndokudzidzisa vanhu, uye vazhinji vavo vakazvitevera. Musafe makazvikanganwa. Munoona, vakatevera chinhu chakanga chisiri Shoko, Shoko rakasimbiswa rikaratidzwa!

²⁵⁷ Musarega mumwe munhu achiuya pano kuzokuudzai zvimwe zvakasiyana. Cherechedzai izvo Mwari ari kusimbisa nekuratidza.

²⁵⁸ Zvino dai vanhu ava vakatarisa kumashure, vachiti, “Mosesi! Mwari akaonekwa mumatenga. Uye murume uyu akataura kukavapo, nhata, nhunzi, matatya; akazvibvisa kuti zvisavapo, mamota nezvirwere. Akazarura Gungwa Dzvuku, uye tikauya . . . Uye akatidyisa mana yakabva kudenga. O, ndiye muporofita wedu!”

²⁵⁹ Asi pakauya mumwe muporofita, “Mwari ngaarumbidzwe! Ndiri muporofitawo, zvakare.” Akati, “Iye zvino, imi mose, ndichakutaurirai. Zvino, iye zvino munzwisise, ndinoshandisa mutauro wakatsetseka kudarika Mosesi. Uye ndiri *zvakati nezvakati*, munoona,” nezvimwe zvakadaro.

²⁶⁰ Zvino chinhu chokutanga munoziva, vakazvigamuchira. Zvino mumwe nomumwe wavo vose akapararira murenje. Hapana mumwe wavo akararama. Havana kudaro. Vachange vasiko Kudenga, kana nomumwe wavo. Jesu akadaro.

²⁶¹ Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje!” Munoona, Pentecosti, iri mugwara, munoona, vakanga vapfuura nemuzviitiko zvole. Ivo, “Madzibaba edu akadya mana murenje!”

²⁶² Akati, “Zvino, vose, vakafa.” *Rufu* zvinoreva “Kupatsanurwa nokusingaperiperi.” Havachazomuki zvakare, kunyange vakapfuura nemuzviitiko zvole izvi. Mumufananidzo, vakataura nendimi, vakatamba muMweya, nezvole.

²⁶³ Asi pazvakasvika pamangange pakati peShoko pakati pavaporofita vaviri, mumwe aive paShoko, nemumwe akanga

asiri paShoko; vari vaviri, vaporofita. Manzwisisa? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Mumwe akanga ari paShoko, uye mumwe asiri paShoko; vari vaviri, vaporofita, vakaratidzwa kuti vaporofita. Asi mumwe ndiye aiva neShoko, munoono. Vazodziwa venhema mumazuva okupedzisira, munoono. Mumwe... Vaporofita, vari vaviri, vaporofita; mumwe ari paShoko uye mumwe (mumwe chete) akasimbiswa neShoko, zvino mumwe wacho haana kusimbiswa neShoko. Kaini naAbheri, zvakare. Munoono ava vaviri, nhema—nhema nechokwadi? Zvakanaaka.

264 Asi mumwe nomumwe wavo vose akaworera murenje, ndokuparara. Mweya yavo yakafa, yakaparara. Zvino vari mugwara chairo rebasa, vachienda kuchechi pamwe nezvose zvavakatemerwa naMwari kuti vaite, asi vakagamuchira mudzidzisi wenhema, akanga asina kusimbiswa neShoko, kuti aratidzwe kuti ndewe chokwadi. Asi hazvo, akanga ari Chiremba weDzidzo yebhaibheri, kana zvingavei izvo zvamungada kudana muporofita chaiye, asi haana kusimbiswa pamweya neShoko pamwe nezviratidzo zvaMwari. Zvino vakapararira murenje; vanhu vakarurama, vanoremekedzeka, vanonamata, vakafa, uye vachange vasiko Kudenga.

265 Munoono here patinofanira kufamba? Manzwisisa? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Musarega zvichikunzvengai.

266 Zvimwe chete nenguva dzembeu-Shoko raNowa akavaka shanduko yekuyangara kubva panyika kuenda mudenga. Zvainzwicka kunge hupenzi kuvanhu, kuva nechinamato chakatsauka chiduku sechaiva naNowa. Uye akavaudza, akati, “ZVANZI NAJEHOVHA. Mwari ataura, zvino kuchauya mvura inonaya.”

267 Sainzi, nevakadzidza nevanamati vezuva iroro, zvakati, “Onai munhu anotaura zvaasingazive. Ave kuchembera, pfungwa dzake dzave kurasika.”

268 Munoono, asi akanga ari pachokwadi, nokuti akanga ari muporofita akasimbiswa. Uyezve, pamagumo, Mharidzo yake yakasimbiswa zvezvirokwazvo. Aizoitei? Akashanduka kubva panyika kuenda muKubwinya, neareka, yeShoko raaiparidza. Yakashandurwa.

269 Chipfapfaidzo chesainzi chakaoresa dzimwe dzose mukutongwa. Dzakaorera pamusoro pemvura dzekutongwa, dzemafashama.

270 Vanhu vari kuedza kuitei muzuva rino, muzera rino guru resainzi yedzidzo, chechi yemuEdheni, yadzoreredzwa kuEdheni yayo, chinhano chesainzi, panzvimbo yeShoko? Vari kusumudzira here Shoko raMwari? Vanhu vari kuedza here kusumudzira Shoko raMwari, kana kuti vari kuedza kuzvisimudzira? Ndezvipi zvacho? Handzive?

271 Chechi imbeu yakatsveyamiswa: zivo, hurongwa, zvakonzera rudzi rwese rwevanhu zvakare, kubudikidza nesainzi, kuti vasazive Shoko raMwari kubudikidza nesainzi. Kusaziva Shoko raMwari kubudikidza nesainzi! Aya mashoko makuru, handizvo? Asi, ndizvo zvaari.

Ungati, “Handizvo”?

272 Zvaiva saizvozvo pakauya Jesu. Zuva iro rakauya Jesu, varume ava—ava vaiziva Shoko raMwari, netsamba bedzi. Havaidaro here? Chokwadi. Asi vakanga vasingazive kuti Iye aive Ani, pavakaona Mwari pamapapiro enjiva, achibata pamwe nokuita izvo chaizvo zvaAkanga ati Aizoita. Uye akaita chete zvakataurwa neShoko. “Kana ndikasaita mabasa aBaba vangu, zvadaro musatenda maNdiri.” Asi akanyatsoita sezvakataurwa neShoko kuti Aizoita. Zvino vaiva vanhu vesainzi muzuva iroro, asi vasingazivi nesainzi, kutadza nebwoni.

273 Ruchiva rwakanga rwapofomadza. Vanoda Shoko raMwari kuratidza mudzimai, kuratidza kusasimira kwakwe. Muna Zvakazarurwa 3, zvakanzi, “Ndinokupanga kuti utenge mafuta kubva KwaNdiri, kuti meso ako azaruke, kuitira kuti uone kusasimira kwako.”

274 Mafuta iShoko raMwari, kupodzwa kwemeso kunokubvisa pazvinhu zvapanyama zvenyika ino, zvigokushandura, nesimba raMwari, kupinda muHupo hwaKe. Zvadaro unoona! Unoti, “Ndakange ndakarasika, zvino ndawanikwa. Ndakanga ndiri bofu, asi zvino ndave kuona.” Munooona, zvinenge zvasiyana.

275 Ndiko kudanwa kwechechi nhasi, kwekuti, “Ndinokupanga kuti uuye kwaNdiri kuzotenga mafuta emeso ako, kuti ugozodzwa nemafuta aNgu, zvino unobva waona.”

276 Regai Mweya Mutsvene uuye pamunhu upi zvake ane chaicho chimwe chinhu zasi uko! Kupodzwa kunobva nemukati. Rega kupodzwa uku kubve paMweya uri mauri. Kana uri Mweya wechokwadi uri kuzodza Mbeu yechokwadi, halkwanise kuita chimwe chinhu kunze kwekubereka mwanakomana nemwanasikana waMwari. Asi Mweya wechokwadi unogona kuuya pambeu yetsi—tsine, mvura inogona kunwadi patsine, zvino inoiita kuti irarame zvimwe chete sepainonaya pagorosi yoriita kuti rirame. “Asi nezvibereko zvavo munovaziva.” Maona? Tiri muti wemuchero, waMwari, tichibereka Shoko raKe.

277 Jesu akati, “Munhu ngaazvirambe, ozoNditevera. Ngaarambe dzidzo yake, ngaarambe zivo yake, ngaarambe madhigirii ake; atore muchinjikwa wake agoNditevera.”

278 Vanhu varasikirwa nepfungwawo hadzo dzavo dzemaitiro akadzikama. Ndiri kudzika ndichiverenga maGwaro maduku pano, kwe...Ndanga ndiri kuzozvipa maminiti mashanu pazviri, gumi, munooona. Vanhu varasikirwa nehunhu hwakadzikama pakati pavo. Hava—havachisiri sezvavaimbova.

Varume vezera, rehama neni, pano, vanoziwa, pamwe nemadzimai. Vanhu havachaita sezvavamboita. Varasikirwa nokunzwisisa kwamazuva ose. Zva—zva—zvazvakonzera papfungwa—papfungwa dzevanhu vemazuva ano atiri kugara maari echimanjemanje chesainzi, zvakonzera vanhu kuti varasikirwe nemafungiro avo epanyama. Havachisina hanyn'a nomumwe munhu, mudzimai, hanzvadzi nehama. Chimwe chinhu chine tsvina. Pavanongo . . .

²⁷⁹ Uye madzimai anotofanirwa kupfeka zvinonyadzisa, vachida kuenda pakati pevanhu. Uye vanoti, “Ndiri mudzimai akanaka.” Zvakanaka, ko ari kumbozviitirei kuzvibudisa kunze uko zvakadaro? Akapofomadzwa. Zvakanaka, kana—kana yako . . . Kana mumwe wehanzvadzi dziri pano, we—wezera rechidiki, dai amai vako kana vangu vakabuda vachifamba mumugwagwa, semumwe wemadzimai aya, vangadai vakamuisa munzvimbo inochengeterwa mapenzi; ainge asina pfungwa dzakakwana dzekuziva kuti anopfeka nguwo dzake. Saka, kana kwaiva kupenga kareko, kupenga nazvino. Ichiri mhando imwe chete yemudzimai. Munoono? Asi varasikirwa nehunhu hwavo hwose, kunzwisisa kwavo kwose. Varasikirwa nekwayo. Zvino nekunzwisisa kwechimanjemanje, netsika pamwe nedzidzo, “Zvinowedzerwa hutano, kuva izvozvo.” Chivi nerufu! Cherechedzai. Havachisiri, o, sezvavaimbova. Apo va . . .

²⁸⁰ Uye cherechedzai muhupenyu hwemucheche. Zvaisitika kuti, muhupenyu hwemucheche, kare, kana muporofita aine chimwe chinhu chokutaura, ZVANJI NAJEHOVHA, vanhu vaibatikana. Vainyatsogara naYo. Vaibatikana. Asi zvino, “Handifarire muchinda uyo. Muvhoterei abve.” Huh! Maona? Uh-huh. Munoono, havachisina kunzwisisa zvachose. Vanhu havachafambi neMweya waMwari zvachose.

²⁸¹ Shoko raMwari Mweya waKe, uye Shoko raKe rinouya kumuporofita waKe. Zvino Shoko raMwari rinofanira kukushandura kubva zvinhu zviri zvenyika, kuva muchimiro chevanakomana nevanasikana vaMwari. Zvino Shoko rinogona chete kuuya nemuvaporofita ava, pavaitaura. Uye zvaifanira kuenderana neShoko, kuratidza kuti raiva Shoko. Zvino kana wagamuchira Shoko iri, Rinokushandura; kubva pakuva mwanakomana waMwari, kana mwanasikana . . . kana kuti, kubva pakuva mwanakomana wenyika, mwanasikana wenyika, kuva mwanakomana nemwanasikana waMwari.

²⁸² Zvitarirei imi muri muno. Vangani vakambova nechitiko ichi? Mumwe nomumwe wedu tose. Takava nechitiko ichi. Nokuti, Chakataurwa, Chakatendwa, zvino Shoko rakauya rikawira mubindu remoyo, zvino Rikakura richibva imomo. Maona?

²⁸³ Kuzvishandura, Mweya waKe Mutsvene unoshandura Shoko riri mbeu kuva zvakafanana naRo. Sezvakaita muti

wemupeya unobereka peya, muapurosi unobereka apurosi, zvinhu zvakadaro; Shoko raKe rinobereka vanakomana nevanasikana vaMwari. Ndizvo zvazvinofanira kuita.

²⁸⁴ Rimwe zuva apo nyika yakanga iri murima nenyonganyonga zvakare, Mweya waMwari wakafamba pamusoro payo, mumbeu yakatemerwa. Mbeu yakatemerwa, vakatemerwa, yakashandurwa. Zvakatora Isaya 9:6.

²⁸⁵ Zvino, muporofita uyu akamira ipapo, mu—murume akadini akava nekuzunguza panyika, nepavanhu. Vanhu vezvinamato vemuzuva rake vaimutenda; kwete vose, havana. Asi, muporofita uyu, vakanga vaona murume uyu achitaura zvinhu uye zvaive zviriri izvo chaizvo. Zvaaitaura zvakanga zvakakwana, uye zvaiitika. Zvino, pano, murume uye anofanira kumira pamberi pevanhu vake, achiti, “Mhandara ichabata mimba,” o, hazvinzwisike. Asi, munoona, Mwari haana kuzvitaura, pachaKe, Anotaura nemuvaporofita vaKe. Zvino, pakanga pasina zvakambonyorwa pamusoro pazvo muBhaibheri, asi muporofita waKe akamira, akati, “Mhandara icha...” Muna Isaya 9:6, “Kwatiri kwabarwa Mwana, kwatiri tapiwa Mwanakomana; Zita raKe achanzi ‘Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba voKusingaperi.’” Zvino kana “mhandara ichabata mimba,” Shoko iroro rakataurwa, raiva chizenga, bindu rinofanira kunge riripo kuigamuchira, rimwe zuva. Akatsvaka nemumatunhu ose, pakanga pasina kana imwe. Akapinda nemunyika dzose, pakanga pasina kana imwe.

²⁸⁶ Zvingada kusvika makore mazana masere akatevera, mbeu iya yakatemerwa yakawana pokudyarirwa, zvino ndokutanga kukura.

²⁸⁷ Sezvakaita Mwari pakutanga, “Ngakuve nechiedza,” zvino pamwe kwapera makore mazana masere chiedza chakazouya. “Ngakuve nemuti,” ukavapo saizvozvo zvakare, zvose zvaAkataura.

²⁸⁸ Heinoi mbeu yakatemerwa ichibereka *Emanueri*, “Mwari anesu.” “Zvino vaHedheni vachaMutsvaka,” uye ndiYe Uyo watinotsvaka nhasi, Jesu. Munoona, mbeu yakatemerwa!

²⁸⁹ Satani akaedza kuipfapfaidza, sezvaakaita Evha. Akaedza kuipfapfaidza, asi akakundika. Nemushonga waKe unodzvirira uri *pano*, Akanga ari mbeu yakatemerwa. Havana kugona kumutora, kuti vaMuite muFarisei kana muSadhuse. Havana kugona kuMuita kuti ave weripi zvaro sangano. Akanga ari Shoko raMwari rakataurwa, rakatemerwa. Satani haana kugona kukandira kusatenda kwake paAri. Aiva nemushonga wekuzvidzvirira paAri.

Mwari, tipfapfaidzirei mushonga wekudzvirira, ndiwo munamato wangu. Ndizvozvo.

290 Zvino Mweya wakafamba paAri ndokuMutumira kuKarivhari, kumuchinjikwa, kuunza Chiedza muzuva rino, neChiedza kumbeu dzose dzakatemerwa kuChechi yenguva ino, chichishandura vanakomana nevanasikana vaMwari, kupinda muHupo hwaKe.

291 Musagumburwe neShoko rokuti “kutemerwa.” Ndambotaura nezvazvo, munoona. Ndinoda kukuratidzai, VaEfeso 1:5.

292 Munoona, sezvawaive, tarira, sezvawaive uri muna baba vako; sokutaura kwandakaita umwe usiku hwapfuura, sezvawaive uri muna baba vako pakutanga. Dai wainge usimo, ungadai usiri pano. Asi, munoona, zvaifanira kuenda nepanzvimbo yekudyarira, kuti iwe ugoberekwa. Uye zvino uri mwanakomana wake, uri mwanasikana wake. Munoona, imbeu. Zvino kana wakambo. . .

293 Kana uri muKristu zvino, mbeu yechokwadi yakatemerwa, wakanga uri muna Mwari pasati pava ne. . . Wakagara uri muna Mwari. Chizenga chehupenyu hwako, chinova chidimbu chaMwari, dzaiva dziri pfungwa dzaKe.

294 Toti, semuenzaniso, mudzimai muduku uyu ane runako akagara *pano*, munoona. Mwari akati, “Nomusi wakati pachava nomusikana, zita rake achanzi *Nhingi-nhingi*. Achange ari *zvakati*, *zvokuti*, *nezvakati*,” uye nokuziva kusvika paawa ino, “achagara achiteerera Mharidzo, akapfeka dhirezi dzvuku.” Munoona, yakanga iri pfungwa yaKe. Murume wako kuti ndiani, uye kuti anombori chii; zvino Aizozviunza pamwe chete, uye waizogara mu—muguta rino—rino muzuva rino. Hapana kana imwe nzira yokuti waizozvipotsa, munoona, nokuti uri kukura. Zvino kana uri bedzi mbeu mukati, uri kukura, unotofanirwa kubereka izvo chaizvo zvawakanzi nembeu uchazoita. Ndizvo chaizvo. IShoko raKe; Anochengetedza Shoko raKe, AnoRirinda.

295 Waive uri muna baba vako, sechizenga, zvino ukazouya semwanasikana; iwe, iwe, mumwe nomumwe wenyu, hama nehanzvadzi, makavapo. Dai makanga musiri muna baba venyu, zvino mungadai manga musiri pano.

296 Zvino kana wakanga usiri muna Mwari. . . Kana ukatenda Mharidzo yeBhaibheri, neMharidzo ino yezuva ranhasi, kusimbiswa kwaYo; chikonzero makagara muno, ndechokuti wakafanotemerwa kugara muno. Ungadai wanga usiri pano, pamwe; ungadai wanga uri mumugwagwa, pamwe wakadhakwa, vamwe venyu; uye vamwe venyu kunze uko uchimhanya-mhanya nemudzimai wemumwe murume; uye imi madzimai muchibuda, makaroorwa, uchimhanya-mhanya nemurume wemumwe mudzimai, kana zvimwe zvakadaro. Munoona, asi iwe wakafanotemerwa kuva pano. Munoona,

hapana zvaunogona kuita. Una Baba, NdiMwari, uye iwe waiva mbeu.

²⁹⁷ Zvino kana Akasvika panzvimbo, Akusvitsa zvino paunenge... Wakanga uri maAri kareko, sepfungwa, iye zvino wave munhu anokwanisa kuyanana naYe. Maona? Sezvamakanga muri, makanga muri mumadzibaba enyu, pakutanga, asi zvino mava vanakomana nevanasikana, saka unogona kuyanana nemubereki wako. Iye zvino tiri vanakomana nevanasikana vaMwari, vanokwanisa kuyanana naBaba vedu, Mwari. Munoono, zvakangova saizvozvo! Hamuzvifarire here? [Ungano inoti, “Hongu!”—Mupepeti.] Zvino makabva mafanana naVo. Zvino kana taive vanakomana, zvoreva kuti muri zvizenga, uye maive muchimiro chaKe pakutanga.

²⁹⁸ Zvino, rangarirai, kana makanga muri maAri pakutanga; zvino apo Jesu, anova Mwari, Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu; zvino wakange uri maAri ukamira pakutukwa kwaAkawana. Wakaenda kuKarivhari naYe, uri maAri. Wakafa, maAri. Wakamuka, maAri. Iye zvino mugere pamwe chete munzvimbo dziri kumusoro kuMatenga, maAri. Maona?

²⁹⁹ Kana ndiri munhu wemuAmerica, ndinomira nekunyadziswa kwayo kwose, ndinomira nokurumbidzwa kwayo kwose. Zvose zvayakambova, ndizvo zvandiri. Ndiri chizvarwa chemuAmerica. Ndakanga...Ndakasvikira paPlymouth Rock. Hongu, changamire. Yeah, ndikasvikira paPlymouth Rock. Ndakasaina iya...Ndakanga ndiri mumba huru mangwanani aya pavakasaina Chisumo cheRusununguko. Ndakachisaina pamwe chete navo. Ndiri chikamu chehupfumi hwayo. Ndakasaina Chisumo cheRusununguko. Ndizvozvo. Ndakanga ndina Washington, paValley Forge, paakayambuka rwizi. Ndakanga ndiripo mangwanani iwayo. Ndakanamata pamwe naye. Ndaivepo. Iwe waivepo, semunhu wemuAmerica. Kana uri munhu wemuAmerica, waivepo. Nokuti, zvose zviri America, ndizvo zvauro. Ndakasimudza mureza—mureza paGuam. Ndakavabatsira kuzviita. Ndakatora masvingo ose. Ndakatakura kunyadziswa kwayo, semurwiri werusununguko. Zvose zvayaiva, ndizvo zvandiri.

³⁰⁰ Zvino zvose zvaiva Kristu, ndizvo zvandiri. Izvo zvaAri, ndizvo zvandiri. O Mwari! Kana Akanzi mupengo, ndizvo zvandinofanirawo kuva. Dai Aive Bhe—Bherizebhabhu, nemabasa aKe eMweya waKe, neniwo ndizvo zvandiri. Chero zvaAiva, ndizvo zvandiri. Chero zvaAiva, ndizvo zvamuri.

³⁰¹ Tinofanira kunge tiri isu vanoita kuti irarame nokusingaperi, rusununguko rwayo kana mukurumbira wayo, kurumbidzwa kwayo kana kushorwa kwayo.

³⁰² Tinofanira kuva izvozvo. Tinofanira kuva Chechi, Mwenga waJesu Kristu. Ndakagara pamwe naYe panyika, paAivepo. Ndakafa pamwe naYe paAkafa. Ndikamuka pamwe naYe

paAkamuka. Ndaunganidzwa pamwe nokugara naYe zvino munzvimbo dziri kumusorosoro kuMatenga, nokuti ndiri chikamu chaKe. Kwese kwaAri, ndiko kwandiri. “Kunenge kuine muranda waNgu, ndiko kwaNdiriwozve.”

³⁰³ Iye zvino Anokwanisa kuyanana nesu uye nematiri, uye nokuzorodza Shoko raKe matiri. Nokuti, tiri chikamu cheShoko raKe. Isu. . . Kana Iye ari Shoko, uye isu tiri chikamu chaKe, zvino tiri chikamu cheShoko.

³⁰⁴ Ko ndingaramba sei kuti ndine ruwoko? Zvisinei kuti rimwe dzenga, ruregerero, imwe sainzi ingati ha—handina ruwoko; ndine ruwoko! Ndinozviziva kuti ndine ruwoko. Ndinorushandisa.

³⁰⁵ Zvino ndinoziva kuti ndina Mwari. Ndine Muponesi. Ndinomunzwa mumunhu wangu wemukati. Ini, ndiri chikamu chaKe. Ndizvo zvinotaurwa neShoko rino, ndizvo zvandiri. Zvino kana ndikaramba chimwe chikamu che*Izvi*, zvakafanana nokuramba kuti handina ruoko, nzeve, ziso. Handikwanise kuzviita ndoramba ndiri munhu, ane pfungwa dzakakwana; uyewozve handikwanise kuramba rimwe reShoko raMwari ndigoramba ndiri mune zvakanaka, mumweya waMwari wakanaka. Ndinofanira kutora zvinotaurwa nesangano kana kuti zvakataurwa naMwari pamusoro pazvo. Maona? Haugoni kuzviita.

³⁰⁶ Zvino, “kushandura.” Anokwanisa kutishandura neShoko raKe, tozororapo, nokuti tiri chikamu chaRo.

³⁰⁷ Zvino pane zvinhu zvakananda, tichitaura nezvemaberekerwo angu epanyama, pane zvinhu zvakananda zvepamaberekerwo angu epanyama zvandisingagoni kudada nazvo. Ndichakutaurirai, handina chandingatada nacho. Amai vangu vaiva mutadzi, chokutanga; baba vangu vaiva mutadzi. Uye vakabva pakati peboka revanhu vanochekana nemapanga pamwe nokurwa nepfuti, zvokuti vazhinji vavo vakafa vachiri vezera duku; zvidhakwa nevabiki vedoro, nezvimwe zvose, vachibva muKentucky. Amai vangu, pachikamu chepakati vaiva muIndia. Uye ha—handina chokudada nacho. Handigoni kudada nedzinza rangu.

³⁰⁸ Asi, Mwari ngaarumbidzwe, pane chinhu chimwe chandinogona kudada nacho, kuBerekwa kwangu kweChipiri, kunobva kuna Jesu Kristu. Ndinogona kudada neMubereki iyeyu watinaye, nokuti ndiYe Baba vangu. NdiYe Muponisi wangu. NdiYe Mudzikinuri wangu. Ndinogona kudada nezvose zvaAka—zvaAkandiitira, nokuti zvino ndave mwanakomana waKe. Handichisiri mwanakomana waCharles Branham, ndave mwanakomana waJesu Kristu. Ndizvozvo. Ndinogona kudada nokuberekwa kwangu zvino. Handigoni kudada nokuberekwa kwangu kwepakutanga, hapana zviripo, ndinonyara nako. Asi handinyari noKuberekwa kwangu Kwepiri. Kwete, kwete.

Handinyari noKuberekwa kwangu Kwepiri. Ko Akazviita sei? “Nokugezwa nemvura neShoko.” Ndizvozvvo.

³⁰⁹ Vatendi vakatemerwa zvemazvirokwazvo vanogara neShoko, uye havaRitsveyamise. HaRigoni kutsveyamiswa. O, vanakomana nevanasikana vaMwari, ko sei tisingakwanise kuva nekuyanana kukuru kwatinofanira kuve nako, pamwe nevole vanakomana nevanasikana vaMwari? Tinofanira kuva nako. Asi havambozviiti, ndizvozvvo, nokuti havasi vanakomana nevanasikana chaivo vakabva . . .

³¹⁰ Onai, sezvandakataura pane umwe usiku, ndanga ndicha . . . Ndanga ndazvinyora pasi pano, asi handina nguva yekupinda mazviri. Ndave kusiya ndochienda zvino.

³¹¹ Muya mukati muduku memukati, ndipo paunotangira, anova iye *munhu wako wemukati*; zvino kubva ipapo, wave *mweya*; zvino wobva wava *munhu anorarama*. Zvino, *munhu anorarama ane pfungwa shanu, dzekubata; wechipiri ane pfungwa shanu*. Ndiwo mutumbi wekunze: kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, nekunzwa. Mutumbi wemukati une rudo nehana, nezvimwe zvakadaro, pfungwa shanu. Asi mukati momukati, nharirire yokutungamirira, muna Mwari kana Satani.

³¹² Uye unogona kutevedzera chipi hacho chezvinhu izvi zvaungasangana nazvo, se—sezvinoita, sezvinoita muKristu; kana kuti unogona kudzinga madhimoni, semuKristu. Asi nharirire yemukati yehutungamiriri, kutanga, mavambo, kana asiri aMwari, haadzokere kuna Mwari. Mazvinzwisisa here? Ko Judhasi haana here kudzinga madhimoni? Ko Kayafasi haana here, uyo akaMupomera nokuMuendesa kurufu, kutoporofita? Asi haana kugona kugara neShoko. Munoono? Ndizvozvvo.

³¹³ Kushandurwa kubva kuchechi nyenika, kuva vanakomana nevanasikana vaMwari! Cherechedzai izvi, mukuvhara zvino.

³¹⁴ Uye zvino vanakomana vaMwari vari kungombeyambeya, vari kumbeyambeya vari umo munyika, vamwe vavo musangano *iri*, kubva musangano rino kuenda kune rimwe sangano, senyeredzi dzinombeyambeya, vasina kugadzikana. Seshizha riri pamvura munguva dzemasutso. Taiwanozviona, Leo, seri uko kuMabvazuva. Mashizha aipota achipupurukiramo, zvino kamhepo kadiki kose kairipupurutsa kubva kudivi *iri* kuenda kudivi *iro*.

³¹⁵ Asi Mwari vanoda kuti tinge takagadzikana. “Ndakadzika hoko muna Jesu, mumadutu ehupenyu ndinotsungirira. Ndakadzika hoko muna Jesu, handityi mhengo kana mafungu,” munoono, kana chingavei. Vazhinji venyu munorangarira bhero reInch Cape, pamaiva kuchikoro, mukomana nemusikana muchikoro.

³¹⁶ Mutumbi waAbrahama naSara wakashandurwa, kuti vange vari muchinhano cheShoko rakavimbiswa. Munoono, vakanga

vakwegura. Abrahamama akanga agamuchira vimbiso, pamwe naSara, apo iye aiva namakore makumi manomwe nemashanu, mudzimai aiva nemakumi matanhatu nemashanu, aguma kubereka; akararama naye kubvira achiri musikana, akanga ari hanzvadzi yake yepakati nepakati. Zvino, kuchengeta vimbiso, mitumbi yavo vari vaviri yakashandurwa, kubva kuva kuharahwa nechembere, kuva jaya nemhandara, kuti vazadzise vimbiso yezuva iroro.

³¹⁷ Mwari ngaarumbidzwe! Zvinondiita kuti ndinzwe zvakanaka. Maona? Handina basa nezvandaimbova, handina basa nemauro andakaita pano, tinogona kushandurwa kuti tigosangana nevimbiso yezuva rino. Apo, patinogona kugara pamwe muhumwe nemukutapira kweMweya Mutsvene, tichirarama sehama nehanzvadzi.

³¹⁸ Inoki, mutumbi wake wose wakashandurwa, kuzadzisa mufananidzo, muna Mwari, zvino akatorwa kuenda Kudenga asina kana kumboona rufu, akadaro Inoki. Eriya akaitawo zvimwezvo.

³¹⁹ Mutumbi waJesu wakashandurwa kubva pachinhu chakafa, chakatonhora, chakamvungunjika, chakarohwa kusvikira maronda aKe nembabvu dzaKe—dzaKe zvakabudikira nekumusana kwaKe. Uye—uye moyo waKe wakabaiwa, nepfumo rine hwasha hwakaita *sezvizvi*, rakabvowora moyo waKe, uye Ropa nemvura zvikabuda. Kunyange mvura yemumuviri waKe, yakabuda, zvino Ropa rakamhanya richidzika nepapfumo, uye nepatsoka dzaKe, ndokuyerera richidonhera pasi. Zvino Akanyatsofa zvokuti mwedzi nenyeredzi zvakati Akanga afa, nyika ikati Akanga afa; ikabatwa nekuhuta-huta, ma—matombo akazungunuka achibuda kubva munyika, nezvose. Zvinhu zvose zvakati Akanga afa; kana Mwari akavanza chiso chaKe. Akanga afa. Asi mutumbi waKe wakashandurwa. Sei? Nokuti Mwari akati, “Handisiyi Mweya waKe mugehena, kana kurega iYe Mutsvene waNgu achiona kuora.” Hapana nzira yekuti zviitike.

³²⁰ Nemamwe emazuva, mitumbi yedu inogona kunge yakaradzikwa mubhokisi. Tinogona kuuya. . . Munogona kuuya monditarira ndivete mubhokisi. Ndinogona kuuya ndokutarisa, zvichida ndotaura mashoko okupedzisira pauri, kana zvimwe zvakadaro. Asi hanzvobokwanisi kutichengeta tiri muguva. Vanogona kuwaridza matombo pamusoro pako. Vanogona kukuviga mugungwa. Vanogona kuita zvose zvavangade, asi Simba raMwari rinoshandura. . .

³²¹ Muna II VaTesaronika, zvakanzi, “Handikuregei musina ruzivo, hama, maererano neavo vavete. Nokuti tinoti kwamuriwo, zvakare, neMirairo yaShe, kuti hwamanda yaMwari icharira, uye vakafa muna Kristu vachamuka kutanga; isu tiri vapenyu vakasara,” sezvarehwa nechimbo mangwanani ano, “tichabvutwa pamwe chete navo, kunosangana naShe muchadenga.”

322 Simba raMwari rekushandura, iro rakatibvisa munyonganyonga yesainzi nedzidzo, nezvinhu zvemunyika, nekunzwisisa kwemuzuva rino rechimanjemanje, ratishadura zvino kuva vanakomana nevanasikana vaMwari. Uye kunyange rufu pacharwo harugoni kuramba rwakatibata tiri mubwiwo. “Tichashandurwa, pakarepo, mukubwaira kweziso.”

“O, muri kurevesa here?”

323 Ndiri kureva kuti ndicho Chokwadi! Jesu, Shoko irori akamira panyika, uyo aiva Shoko, Uyo akamutswa, uye akamutsa Razaro. Akati, “Ini ndini Rumuko neHupenyu; uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, asi acharama. Uye ani naani anorarama achitenda maNdiri haazofi.” Hapana nzira yekumisa Shoko raMwari benyu! Rinofanira kumukazve.

324 Zvino kubva munyonganyonga yeEdheni rechimanjemanje resainzi iro ratigere mairi, retsika ne—nesainzi nedzidzo, zvinhu zvose izvi zvechimanjemanje, tichamuka! “Iyi hanzu yenyama tichaidonhedza, uye tichamuka tozotora mubairo wekusingaperi,” nerimwe zuva. Tichapfuura nemumhepo, zvino izvi zvose zvinenge zvapfuura. Nokuti Shoko raMwari rakatidzosa kubva pamafungiro echimanjemanje epfungwa dzedu, richisandura mufungo wedu mukuvandudzwa kwemoyo yedu kuna Mwari, nemweya yedu; iwo Mweya mumwe chete wakazvitauro, watishandura kusvika pari zvino, uye Uchaenda nesu muHupo hwaKe, muKubwinya kwaKe, nemutumbi wakabwinyiswa.

325 “Vachavaka dzimba, vachagara madziri. Vachadyara mizambiringa.” Mukunzvera kwedu kwese kwesainzi; tinodyara bindu, vana vedu vanouya votora michero kubvamo, vana vake vanouya voritora kubva kwaari. Uye vakadyara, mumwe ndiye anodya; uye vakavaka, mumwe ndiye anogaramo. “Asi achange akawanda mazuva evaranda vaNgu, vachange varipo pamwe nevana vavo. Vachavaka, uye hapana mumwe achazogaramo. Vachadyara, uye hapana mumwe achazodyapo.” Chii? Iye Mwari wacho chaiye, iye muporofita wacho chaiye uyo Shoko raMwari rakati “mhandara ichabata mimba,” akativimbisa izvi!

326 Tinozviwana sei? Neimwe nzira tatoveko izvozvi, munoona, nokuti ndizvo zvakataurwa naMwari. Zvinofanira kuva saizvozvo. PaAkamutsa Razaro paye, akati, “Musafunge kuti zvinoshamisa, nokuti nguva iri kuuya apo vese vari mumakuva vachanzwa Izwi reMwanakomana wemunhu, uye vachamuka; vamwe mukunyadziswa, uye vamwe kuHupenyu.”

327 Chii? Kushandura, kushandura neShoko raMwari, kutiita vanakomana nevanasikana vaMwari, uye nokutipazve Hupenyu munyika inouya. O, ini zvangu! Ndezvipiko zvimwe zvandingataure? Musateerere kune zvimwe zvinhu.

Usachive upfumi hwenyika ino hwenhando,
Hunokasika kuparara,
Vakira tariro yako pazvinhu zveKudenga,
Hazvizombopfuuri.

Bata paruwoko rwaMwari rusingashanduki!
(Ngatichiimbei!)

Bata paruwoko rwaMwari rusingashanduki!
(Hecho pano!)

Vakira tariro yako pazvinhu zveKudenga,
Bata paruwoko rwaMwari rusingashanduki!

Kana rwendo rwedu rwapera,
Kana kuna Mwari tanga takatendeka,
Kupenya norunako rwemusha wedu
muKubwinya,
Mweya yedu yakabvutwa ichaona.

Bata paruwoko rwaMwari rusingashanduki!
(Shandurwa!)

Bata paruwoko rwaMwari rusingashanduki!
Vakira tariro yako pazvinhu zveKudenga,
Bata paruwoko rwaMwari rusingashanduki!

³²⁸ Musacherechedza sainzi, zvainogona kuratidza, kana
zvichipesana neShoko. Maona? Musacherechedza chechi,
zvainotaura, kana zvichipesana neShoko.

Nokuti tinobata paruwoko rwaMwari
rusingashanduki!

³²⁹ Nguva dzinoshanduka, sainzi inoshanduka. Bata Ruwoko
urwo rusingashanduki!

Vakira tariro yako pazvinhu zveKudenga,
Bata paruwoko rwaMwari rusingashanduki.

³³⁰ Mwari Baba, muHupo hweNyu, apo takaungana pano
mangwanani muno, tichitora Mharidzo yakareba, refu,
yakatambanuka, uye, O Ishe, ndinonamata kuti muise Mbeu
mumoyo yevanhu ava. Rangarirai, Ishe, tinonamata, kuti hatina
simba, uye chimiro chedu hachina simba, uye isu... dzimwe
nguva hatizivi gwara rokutevedza. Mwari Vanodikanwa, Imi
titendeutsei nokutitungamirira noMweya weNyu mukuru,
Ishe. Tibatsirei. Musambotisiye tiri toga, Baba. Makavimbisa
kuti haMuzodaro. “Handikusiyei kana kukuregai. Ndichange
ndiinemi.”

³³¹ Zvino, Mwari Baba, tinonamata kuti Mugotungamirira
Hama yedu Leo, naGene. Vaitei, Ishe, mhando dzevatungamiriri
avo vaMungade kuti vave pamusoro pevanhu ava;
vasingashandise pfungwa dzavo, asi itai kuti Mweya Mutsvene
mukuru ugovatungamirira mune zvokuita.

³³² Ropafadzai ava varume nemadzimai, vana vaduku ava,
sezvavari, Ishe, kwandiri. Uye ndi—ndi—ndinonamata kuti

Mugovachengetedza muhupenyu hwakareba. Itai kuti, kana zvichikwanisika, Ishe, itai kuti tirarame tigoona Kuuya kwaKe. Tinotenda tichadaro, nokuti tinoona zvinhu zvose zvave pedyo zvino. Zvave pedyosa! Zviitei, Baba. Tinovakumikidza kwaMuri, pamwe nesu, iye zvino, kuKushumirai, nemuZita raJesu. Ameni.

Ndine urombo kukuchengetai kwenguva yakareba kudai.
Hama Leo.



SIMBA ROKUSHANDURA SHO65-1031M
(Power Of Transformation)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Svondo mangwanani, 31 Gumiguru, 1965, paPine Lawn Trailer Park muPrescott, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org